Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щыналъэм коронавирус инфекцэщIэм (2019-nCoV) пэщIэтыным нэгъэсауэ хухэхьэзырыным и хабзэр щыгъэувыным икIи абы зыщемыгъэубгъуным хуэунэтIауэ адэкIи лэжьыпхъэхэр зэфIэгъэкIыным и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

«Цыхьухэмрэ щыналъэхэмрэ щыуэпс, техноген теплъэхэр зиIэ кьыззрымыкIуэ щыгъыкIэхэм щыхъумэным и Iуэхукlэ», «Цыхьухэм я санитар-эпидемиологие зэIуэпэщыIыгъэм и Iуэхукlэ» федеральнэ законхэм, «Кьыззрымыкlуэ щытыкIэхэр кьыззрамыгъэхъу икIи зэрагъэкIуэдыж къэрал ухуэкIэу зыуэ щытым и Iуэхукlэ» Урысей Федерацэм и Правительствэм 2003 гъэм дыгъэгъаэзм и 30-м кьыдигъэкIа унафэ №794-м, «Коронавирус инфекцэщIэ (2019-nCoV) кьыздахьыныжмкIэ икIи зрагъэубгъуным и щыIэ щыналъэхэр гъэмэщIэным теухуауэ адэкIи зэфIагъэкIыпхъэхэм я Iуэхукlэ» Урысей Федерацэм и санитар дохутыр нэхъыщхьэм 2020 гъэм гъатхэпэм и 2-м кьыдигъэкIа унафэ №95-м япкъ иткIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щыналъэм коронавирус инфекцэщIэм (2019-nCoV) зыщиубгъуным кьыщымыгъэхъун мурадкIэ **унафэ сощI**:

1. 2020 гъэм гъатхэпэм и 19-м кьыщыщIэдзауэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Iуэхуэхэр и лъабжьэ зэIущIэхэр, спорт зэпеуэхэр, зыкъэгъэльэгъуэныгъэхэр, цIыху куэд зыхэт нэгъуэщI Iуэхуэхэр щрагъэкIуэкIыну хуит мыщIын.

3. Урысей Федерацэм и цIыхухэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыпсэуэхэм е мыбы пIалъэкIэ щыIэхэм (адэкIэ кьыззрыкIуэнур - цIыхухэщI) чэнджэщ етын Урысей Федерацэм и гъунапкъэхэм икIыу нэгъуэщI щыналъэхэм, апхуэдэу Iуэхутхъэбзэ зыхуащIэхэмрэ щыхум и зэIуэпэщынигъэ псэукIэмкIэ яIэ хуитыныгъэхэм къащхьэщыжьыным и хабзэр зэрагъэзащIэм кIэлъыплъ федеральнэ Iэнатlэм и сайтым хъыбарегъащIэ-телекоммуникацэ «Интернет» (https://rospotrebnadzor.ru) сайтым ирилъхьа информацэм тету Урысей Федерацэм и щыналъэхэу коронавирус инфекцэщIэр (2019-nCoV) зыхуэлъэхъэм мыкIуэну.

4. Коронавирус инфекцэщIэр (2019-nCoV) къащыпкърыхьауэ ятха щыналъэхэм кьикIыу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щыналъэм къэкIуа цIыхухэм чэнджэщ етын:

а щыналъэхэм щагъэззэжыну, абыхэм щыщыIа щIыпIэхэмрэ зыкъэмыщ 112, (8662) 40-15-65, 42-26-78 телефон номерхэмкIэ хъыбар ирагъэщIэну; респираторнэ инфекцэм и япэ нэщэнэхэм гу зэрылъатэу (Iэпкълъэпкъым и температурэр дэкIуеиныр, псчэныр, нэгъуэщIхэр) медицинэ Iуэхущ1эпIэхэм мыкIуэу унэм медицинэ дэIэпыкъуныгъэ щратыным икIэщIыпIэкIэ щIэлъэIуну.

5. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щыналъэм цIыхухэм лэжьапIэ къыщезытхэм чэнджэщ етын:

езыхэм я лэжьакIуэхэр лэжьыгъэ Iуэхукlэ нэгъуэщI кьэралхэр, Урысей Федерацэм и щыналъэхэу коронавирус инфекцэр зыхуэлъэхъэм ямыгъэкIуэну, нэгъуэщI кьэралхэм я цIыхухэр зыхэт Iуэхуэхэр ирамыгъэкIуэкIыну, абы кьыдэкIуэри, апхуэдэ Iуэхуэхэм езыхэри хэмытыну; респираторнэ инфекцэ кьыпкърыхьауэ фэ зытет цIыхухэр кьагъуэтыным икIи апхуэдэ лэжьакIуэхэр я Iэнатlэхэм пэрытынкъэмыгъэхъуным теухуа Iуэхуэхэр зэфIагъэкIыну. Iуэхутхъэбзэ зыхуащIэхэмрэ цIыхухэм я зэIуэпэщ псэукIэмкIэ яIэ хуитыныгъэхэм кьащхьэщыжьыным и хабзэр зэрагъэзащIэм кIэлъыплъынымкIэ федеральнэ Iэнатlэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щиIэ кьудамэр кьыщIэупщIэмэ, лэжьыгъэм пэрыту коронавирус инфекцэщIэр(2019-nCoV)кьызыпкърыхьа лэжьакIуэм адрей цIыху псоми яхуит пыщIэныгъэхэм теухуа хъыбарыр икIэщIыпIэкIэ ирагъэщIэну, сымаджэ хъуар зыщыщIэжьа пэшхэр дезинфекцэ ящIыныр кьызэригъэпэщыну.

6. Юридическэ лицохэм, цIыху куэд щызэхьыхьэ щIыпIэхэм лэжьыгъэ щезыгъэкIуэкI (абыхэм сату щIыпIэкIэ, шхапIэхэр, театр гъэпсыгъуэныгъэхэр, щэнхабзэ-уэзщIыныгъэ Iэнатlэхэр, нэгузегъэужьыпIэхэр, спорт зэхьэзэхуэкIэ здэщыIэ щIыпIэхэри яхэту) хьэрычэтыщIэхэм, жылагъуэ транспорткIэ цIыхухэр къезышэкIхэм чэнджэщ етын дезинфекцэм и хабзэр нэхъ ягъэлъэщыну.

7. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Iуэныгъэр хъумэныжьым и министрствэм и кьалэнщ медицинэ Iуэхущ1эпIэхэр нэсу хуагъэхьэзырыным теухуауэ адэкIи лэжьыпхъэхэр зыфIигъэкIыну, ахэр медицинэ IэмэпсымэхэмкIэ, хущхьэхэмкIэ кьызэригъэпэщыфи хэту; медицинэ дэIэпыкъуныгъэ псынщIэу е гъэтIылъыпIэ имыIэу сымаджэхэм езыт медицинэ Iуэхущ1эпIэхэм коронавирус инфекцэщIэр (2019-nCoV) яджьи папщIэ биологие материалхэр захуахьэсыну, респираторнэ зэхэр хъапкърыхьауэ къэзыгъэлъэгъуэ яIэ нэщэнэхэм гу зэрылъатэу медицинэ Iуэхущ1эпIэхэм зыхуагъэзэн зэрыхуейр цIыхухэм гурагъэIуэным теухуауэ ирагъэкIуэкI лэжьыгъэр; Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щыналъэм коронавирус инфекцэщIэм (2019-nCoV) щыщIэ щытыкIэм и мониторингыр ирагъэкIуэкIыну.

8. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Лэжьыгъэмрэ социальнэ зыхъумэжьныгъэмкIэ и министерствэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Егъэджэныгъэмкlэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я Iуэхуэхмкlэ и министерствэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Узыншагъэр хъумэныжьмкIэ и министерствэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и цIыхухэм социальнэ Iуэхутхъэбзэхэр яхуэзыщIэ Iуэхущ1эпIэхэр, сабий цIыкIэхэм я унэхэр, сабий унэхэр, медицинэ Iуэхущ1эпIэхэр; эпидемием гъэщIэт хабзэ тIкIийм тету зэхуэщIауэ лажьэхэм хуагъэкIуэну я кьалэнщ.

9. Iуэхутхъэбзэ яхуэщIэныгъэ цIыхухэм зэIуэпэщ псэукIэмкIэ яIэ хуитыныгъэхэм кьащхьэщыжьным кIэлъыплъныжьмкIэ федеральнэ Iэнатlэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щиIэ кьудамэм чэнджэщ етын: хуей щыхьэхэм я деж медицинэ зыгъэзыв Iуэхуэхэр кьыхалъхьэну; коронавирус инфекцэщIэм (2019-nCoV) егъэщIылIауэ ирагъэкIуэкIа лабораторэ кьэхутэныгъэхэм щэч кьытомыхьэну е щэч кьытепхьэ хъуну кьащхьэлъэгъуэхэм тещыхьауэ эпидемием гъэщIэтыну Iуэхуэхэр зэущIэуIуауэ кьыззрыгъэпэщыну; коронавирус инфекцэщIэм (2019-nCoV) теухуа лабораторэ кьэхутэныгъэхэм щэч кьытомыхьэну е щэч кьытепхьэ хъуну кьрикIуахэр кьаIэрыхьэмэ, абыкIэ пIалъэ кIэщI дыдэхэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Узыншагъэр хъумэныжьмкIэ и министерствэм хьыбар ирагъэщIыну.

10. Урысей Федерацэм Граждан зыхъумэжьныгъэм, кьызэрымыкIуэ щытыкIэхэм, щIыуэпс кьулейсызыгъэхэм я Iэужьхэр гъэкIуэдыжьным екьэлIа Iуэхуэхэмкlэ и министерствэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щиIэ Управленэ нэхъыщхьэм чэнджэщ етын кьызэрымыкIуэ щытыкIэ зэфIэувэмэ, ар зэхуэдыжьным хуэгъэзэ Iуэхуэхэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм кьызэрымыкIуэ щытыкIэхэр кьыщымыгъэхъунымрэ щыгъэкIуэдыжьнымкIэ зыуэ щыт и къэрал уху эхэм и къарухэмрэ мылъкумрэ ирипэшIлэну.

11. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и гъэззэщIакIуэ властым и органхэм я унафэщIхэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и нэгъуэщI къэрал органхэм, щIыпIэ самоуправлениэм и органхэм хуагъэлъэгъуэн хуейщ къэрал властым и органхэр, щIыпIэ самоуправлениэм и органхэр, къэралыр зыхэт нэгъуэщI Iуэхущ1эпIэхэр зэрылэжьэну щIыкIэм теухуауэ 2020 гъэм гъатхэпэм и 16-м Урысей Федерацэм Iэжьыгъэмрэ социальнэ кьыщыхьэщыжьныгъэмкIэ и министерствэм и методикэ чэнджэщэр пхагъэкIыну.

12. Къэрал кIуэцI Iуэхуэхмкlэ министерствэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэм, Урысей Федерацэм и лъэпкъ гвардием и дзэхэм я федеральнэ Iэнатlэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щиIэ кьудамэм чэнджэщ етын Iуэхутхъэбзэ зыхуащIэхэмрэ цIыхухэм я зэIуэпэщ псэукIэмкIэ яIэ хуитыныгъэхэр зэрагъэзащIэм кIэлъыплъныжьмкIэ федеральнэ Iэнатlэм и кьудамэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щиIэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Узыншагъэр хъумэныжьмкIэ и министерствэмрэ экспертизэм зэрыщIэкIыну.

13. Федеральнэ антимонопольнэ Iэнатlэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щиIэ управленэм чэнджэщ етын:

хущхьэхэмрэ дэтхэнэми уэхэм зэрызыщихъумэ Iэмэпсымэхэмрэ я гасахэр аптекэхэм зэрыщыгъэувар и кIэлъыплъныжьгъэм щIигъэувэну; псэуныгъэкIэ мыхьэкIыжьу зиIэ ерысыкъыгъэхэмрэ махуэ кьэс зыхуей хьу хьэпшыпхэмрэ я гасахэр щагъэувкIэ антимонопольнэ законодательствэр зэрагъэзащIэ щыкIэр кIэлъыплъныгъэм щIэгъэувэныжьмкIэ аргуэру лажьыгъэхэр зэфIагъэкIыну.

14. Муниципальнэ районхэмрэ кьалэ округхэмрэ я щIыпIэ самоуправлениэм и органхэм чэнджэщ етын езыхэм я унафэм щIэт щIыналъэхэм коронавирус инфекцэм щIепщIэныжьмкIэ икIи абы зыщемыгъэубгъуныжьмкIэ Iуэхуэхэр зэфIэзыгъэкIыну оперативнэ штабхэр кьызэрагъэпэщыну. Абыхэм апхуэдэу я кьалэну щытынущ коронавирус инфекцэщIэм (2019-nCoV) пIыщIауэ щытыкIэр зыхуэдэр кьыхутэныжьмкIэ икIи абы теухуа Iуэхуэхэр зэрагъэзащIэ щыкIэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм коронавирус инфекцэм зыщемыгъэубгъуныжьмрэ абы щыкIэлъыплъныжьмкIэ лэжьыпхъэхэр зэфIэзыгъэкIэ оперативнэ штабым хъыбар ирагъэщIну.

15. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм коронавирус инфекцэм зыщемыгъэубгъуныжьмрэ абы кIэлъыплъныжьмкIэ и оперативнэ штабыр жэщми махуэми лажьэу Iэувын.

16. Мы указым хэку егъэзт Iэ щыщIэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Казбек

Налшык къалэ
2020 гъэм гъатхэпэм и 18-м
№19-УГ

Коронавирус инфекцэр щымыгъэIэным икIи земыгъэубгъуным теухуа Iуэхуэхэр зэфIэзыгъэкI оперативнэ штабым хэтхэм зэхъуэкIыныгъэхэр яхэлъхьэным и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Унафэ

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм коронавирус инфекцэ щымыгъэIэным икIи земыгъэубгъуным екьэлIа Iуэхуэхэр гъэззэщIэныжьмкIэ оперативнэ штабу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм 2020 гъэм гъатхэпэм и 13-м кьыдигъэкIа унафэ №29-РГ-мкIэ кьащтам зэхъуэкIыныгъэхэр кьахьэн, мыхэр яхэгъэхьауэ:

Бэкъей Е. В - «Урысейм папщIэ» Цыхьэ фронт» урысейпсо жылагъуэ зэщIэхьееныгъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щиIэ щIыналъэ гъэззэщIакIуэ комитетым и унафэщIыр *(зэгурыIуауэ)*

Бажэнэ Б. Ю. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и «КъБР-Медиа» къэрал кIэзонэ Iуэхущ1эпIэм и унафэщIым и къалэнхэр зыгъэзащIэр

Берд Хь. А. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Жылагъуэ палатэм и унафэщIыр *(зэгурыIуауэ)*

Къуэдзокъуэ М. М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Администрацэм и Унафэщ1ыр.

2. Мы унафэм кьару егъэзт Iэ щыщIэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Казбек

Налшык къалэ
2020 гъэм гъатхэпэм и 18-м
№32-РГ

ФИФI ФЫМЫГъЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГъЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

I924 ГЪЭМ И МэкЪУАУэгЪУэ МАЗЭМ И I ЛЪАНДЗРЭ КЪЫДОКI

№33 (24.003) ● 2020 гъэм гъатхэпэм (мартым) и 21, гъубж ● Тхьэмахуэм щэ къыдокI ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

● КъБР-м и Парламентым

Сабий къызыхэхъуэ унагъуэхэм зыщIагъакъуэ

КъБР-м и Парламентым Лэжьыгъэмкlэ, социальнэ политикэмрэ узыншагъэр хъумэныжьмкIэ и комитетым и жэрдэмкIэ, иджыблагъэ республикэм и хабзэгъэув Iуэхущ1эпIэм щытепсэлъыхьащ «Демографие» лъэпкъ Iуэхум хьыхь «Сабий къызыхэхъуэ унагъуэхэм ахъшэкIэ зэрызэщIагъакъуэр» щIыналъэ проектыр зэрагъэзащIэм.

ЗэIУЩIэМ кьрихьэлIащ КъБР-м и Парламентым и Унафэщ1ым и къуэдзэ **Кьардэн Мурат**, КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я лIыкIуэу Парламентымрэ суд Iуэхущ1эпIэхэмрэ щыIэ **ДыщэкI Мадинэ**, комитетым хэтхэр, кьалэ округхэмрэ районхэмрэ цIыхухэр Iэнатlэкlэ къызэзэгъэпэщ я Iуэхущ1эпIэхэм я унафэщIхэр, КъБР-м и Пенсэ фондым и лIыкIуэхэр, КъБР-м и Парламентым и ЩIалэгъуалэ палатэм хэтхэр.

- Нобэ гупытэ ин хуащI сабий зыпI унагъуэхэм защIэгъэкъуэным. Абы мыхьэнэшхуэ зэриIэр Урысейм и Президентми КъБР-м и Iэтащхьэми къыщыхагъэщащ ЗэрызыхуагъаззэкI, - жиIащ КъБР-м и Парламентым Лэжьыгъэмкlэ, социальнэ политикэмрэ узыншагъэр хъумэныжьмкIэ и комитетым и унафэщI **Къэжэр Хьусен**.

Абы дыщIигъуащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и къэрал социальнэ политикэм къызэщIиубыдэхэм къызэрыхагъэбеледжьылыкIыр республикэм демографие щытыкIэр щегъэфIэкIуэнымрэ унагъуэхэр лъэ быдэкIэ гъэувыныжьмрэ екьэлIа лэжьыгъэхэр.

КъБР-м лэжьыгъэмрэ социальнэ дэIэпыкъуныгъэмкIэ и министрым и къуэдзэ Романовэ Еленэ жиIащ сабий къызыхэхъуэ унагъуэхэм дэIэпыкъуныгъэ зэмылIэужьыгъуэхэр зэрыратыр. 2019 гъэм щIыналъэ проектыр гъэзэщIэным хухахауэ щытащ сом мелуан 3081,5-рэ.

ЩIыналъэ проектым къыщыгъэлъэгъуащ 2024 гъэм ирихьэлIэу Къэбэрдей-Балъкъэрым къыщалъхуи и коэффициентыр 1,731-м нагъэсени (Урысейм ику иту а бжыгъэр 1,7-рэ щохъу). Къапщтэмэ, 2019 гъэм а бжыгъэр 1,622-рэ хъууэ щытащ.

КъищынэмыщIауэ, «Ещанэ сабийрэ къыкIэлъыкIуэхэрэ къызыхэхъуэ, дэIэпыкъуныгъэ зэрызыщIэ Iуэхущ1эпIэхэм хухахауэ щытащ сом мелуан 3081,5-рэ.

Демографие политикэр егъэфIэкIуэным ехьэлIауэ зэзгъэзэжыну Iуэхуэхэм Iэужьыгъэ зэрыIэр Урысейм и Президентым КъБР-м и Iэтащхьэм къыщыхагъэщащ ЗэрызыхуагъаззэкI, - жиIащ КъБР-м и Парламентым Лэжьыгъэмкlэ, социальнэ политикэмрэ узыншагъэр хъумэныжьмкIэ и комитетым и унафэщI **Къэжэр Хьусен**.

Абы дыщIигъуащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и къэрал социальнэ политикэм къызэщIиубыдэхэм къызэрыхагъэбеледжьылыкIыр республикэм демографие щытыкIэр щегъэфIэкIуэнымрэ унагъуэхэр лъэ быдэкIэ гъэувыныжьмрэ екьэлIа лэжьыгъэхэр.

КъБР-м лэжьыгъэмрэ социальнэ дэIэпыкъуныгъэмкIэ и министрым и къуэдзэ **Аникушинэ Татьянэ**. Абы зэрыжиIамкIэ, Iуэхущ1эпIэр жьдэжру йолэжь сабий зимIыБ унагъуэхэр гъэбеледжьылыным, абыхэм я узыншагъэм кIэлъыгъэплъыным. Апхуэдэу, 2019 гъэм КъБР-м Узыншагъэр хъумэныжьмкIэ и министерствэм ЭКО ящIыну игъэкIуащ бзылъхугъэ 639-рэ, ар учётым щытым я процент 58,5-рэ мэхъу.

- Налшык къалэм дэт Перинатальнэ центрым епхауэ 2018 гъэм и щыщхьэУм къыщыщIэдзауэ мэлажьэ зэщхьэгъусэхэм пщIэншэу щызыкIэлъагъэплъ, зыщагъэхъуж Iэнатlэр. Абдежым къыщылъытащ ЭКО программэр ахэр пщIэншэу зэрымыхьэфынри, - кьыхигъэщащ къэпсэлъам.

КъБР-м и Пенсэ фондым социальнэ ахъшэхэр зыт и кьудамэм и унафэщI **Ерчэн Эльвирэ** зэрыжиIамкIэ, «Анэм хухах ахъшэр кьызэрагъэсэбэп хъуну щыкIэм ехьэлIауэ Урысей Федерацэм и законодательнэ акт щхьэхуэхэм зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» Федеральнэ законым и фIыгъэкIэ унагъуэхэм я ахъшэр дяпэкIэ игъэкIуэфынущ унэ яухуэным е зыхуей хуагъэзэжыным. Ар кьызэрыхах Iэмалхэр нэхъ тынш ящIащ.

Къэпсэлъам къыхигъащащ программэм кьызэрызэщIрагъэубыдар 2020 гъэм щыщылъэм и 1-м щегъэжьауэ япэ сабий зыгъуэта унагъуэхэм зэрызыщIагъэкъуэнур. Ар com 466 617-рэ мэхъу. 2020 гъэм щыщылъэм и 1-м кьыщыщIэдзауэ этIуанэ сабий къызыхэхъуа унагъуэхэм кьэралым яхухихынущ com 616 617-рэ. Апхуэдиз дыдэ яритынущ ещанэ сабийрэ кьыкIэлъыкIуэхэмрэ къызыхэхъуэ е зыпIыну къэзыщтэ унагъуэхэми.

ЗэIущIэм я Iуэху еплъыкIэхэмкIэ щызэдзэгъэша нэужь, кьапэщылъ кьалэнхэр щыгъэзыхуащ.

КъБР-м и Парламентым и пресс-Iуэхущ1апIэ.

● ЗэIущIэхэр

ЗэфIагъэкIахэмрэ къапэщытхэмрэ

УФ-м и МЧС-м Къэбэрдей-Балъкъэрым щиIэ къудамэм и зи чэзу зэIущIэ гъатхэпэм и 17-м зэхэтащ. Ар иригъэкIуэкIащ а кьулыкъущIапIэм и Iэтащхьэ, комиссэм и унафэщI Надёжин Михаил.

2020 ГЪЭМ и гъатхэ-гъэмахэу лъэхъэнэм республикэм мафIэс кьыщымыгъэхъунымкIэ щылэжьыпхъэхэм я гугъу ищIащ КъБР-м щыуэпс хьугъуэфIыгъуэмрэ экологиемкIэ и министр Шаваев Ильяс.

- Дыззыщыгъуазэщи, ильэс зыбжанэ хьуауэ нэхъ тегъэчыныхьауэ дытопсэлъыхь цIыраужь теплъэ зыгъуэта къуацэ-чыцхэмрэ удзыжьхэмрэ лыгъэ зэрырадзым зэрангырыгъу къыщэнкIэ хьунур зыхуэдизым. Арщхьэкlэ, ди жагъуэ зэрыхъунщи, апхуэдэ Iуэху зылэжьхэм я бжыгъэр нэхъ мащIэ хъуркъым, ди къэралым адэкIэ-мыдкIэ щIэх-щIэхыурэ къыщыхъеи мафIэсхэм къызэрагъэпЪагъэущи, - жиIащ Шаваевым.

Министрым къызэрыхигъэщащи, мафIэсым лей нэхъ зрихьнкIэ хьуну кьалъытэхэм ящыщщ Бахьсэн и псыхъуащхьэхэм зыщцызыубгъуа уэздыгъей мэзхэмрэ ауэхэм дэт чыцэ гуэрэнхэмрэ.

(КIэухыр 2-нэ нап.)

Мэкъумэш жармыкIэр зэкIэ зэхуащI

Коронавирус уз зэрыщIалэм и шынагъуэ зэрыщыIэм къыхэкIыу Налшык къалэ округым Абхъазым и цIэкIэ щыIэ утыкум зыгъэпсэхуэгъу махуэхэм къыщызэрагъэпэщ мэкъумэш жармыкIэр гъатхэпэм и 19-м щыщIэдзауэ зэхуащI.

Сату ящIу щIадзэжьнущ уз зэрыщIалэм и шынагъуэр щхьэщыкIрэ зыхуэфащэ унафэ кьащта нэужь.

Налшык къалэ округым и щIыналъэ администрацэм и пресс-Iуэхущ1апIэ.

● Тхьлъыщ1э

Тхыдэ дэфтэр гъэщIэгъуэнхэр

Къэбэрдеймрэ Урысеймрэ XVI – XVIII лIэщIыгъуэхэм яIа зэхущытыкIэр Юдин Павел и тхыгъэхэм къызэрыхэщыр



Къэбэрдей-Балъкъэрым Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ и институтым и нэIэ щIэту, Дзэмыхь Къасболэт и жэрдэмкIэ 2019 гъэм и кIэм къыдэкIащ «Из документальной истории Кавказа: кабардино-русские отношения XVI-XVIII вв. в работах П. Юдина» тхылъыр. Зэманым къеззгъ жыпхъэм ирагъэувэжа, нэхъ пасэу ятха лэжьыгъэхэм ящыщщ ар.

Тхылъыр зи Iэдакъущ1экI Юдин Павел пащтыхыныгъуэм ищIэ псори зэхуэсу къэзыгъэлъагъуэ тхыдэджхэм я щапхъэт. КьыдэкIыгъуэр зыгъэхьэныра профессор Дзэмыхь Къасболэт зэрыжиIамкIэ, къэхутакIуэм и Iэдакъущ1экIэр тхыдэ лэжьыгъэхэм хэгъэхьэн щIыхуей щхьэусыгъуэхэм язщ абы иджы зыщIыпIи щумыгъуэтыжьын тхыгъэхэр къызэригъэсэбэпар, псалъэм папщIэ, «Кизляр архив» дэфтэр хъуманпIэм щIэлъэр.

«Мы тхылъым ихуа лэжьыгъэхэм уахэплъэмэ, гулъытэ зыхуэфащэщ Юдиным Кьанкълыш Сунчалейр Бекович-Черкасский Александррэ ятехуауэ итхахэр, - щIыжкIэ Дзэмыхьым пэублэ псалъэм. - Тхыдэ щIэныгъэм къызэрыщащIыгъам ипкъ иткIэ, Юдиным и Iэдакъэ тхыгъэ 750-рэ къыщIэкIащ. Ахэр кьытрадзэрт урысыбзэкIэ, украиныбзэкIэ, франджыбзэкIэ. КьэхутакIуэм итххэм цIыхубэр щыгъуазэу, акъылэгъу къыхуэхъуу апхуэдэт. Ар кьегъэльагъуэ тхыдэтхым 1895 гъэм Императорым и цIэр зезыхьэ щIэныгъэхэкIэ академием улахуэ щхьэхуэ хуигъэувауэ зэрыщытам».

ГурыIуэгъуэщI къэзакъ тхыдэтхым езыр зыдэщI лъэныкъуэм и Iуэху еплъыкIэр зэригъэзэхуэри, абы дэ акъылэгъу дыдэ-рыхуэмыхьупэнури. ИтIанэми, урысибзэкIэ дунейм кьытехьэ лэжьыгъэхэр зэпыплъытыжьху, пэж гуэр кьыпIэрохьэ. «Къэбэрдей» псалъэр кьызыхэщ пралъащхьэхэм я деж кьыщымынэу («К истории кабардинского народа», «Верность кабардинцев русскому престолу в эпоху смутного времени»), адыгэ хъыбар куэд кьыщыхохуэ «Хивинский поход 1717 года», «Мурза Сунчалей Янгалычев (один из деятелей смутного времени)» псалъащхьэхэр зезыхьэ Iыхьэхэм.

Кавказым и тхыдэр зыджэр дзэыхьэхынщ «Первые русские города на Тереке», «Очерки смутного времени на Кавказе», «Джеп-пророк Ушурма-Шик Мансур (Из истории религиозных движений на Кавказе)», кьинэмыщI Iыхьэхэр.

Тхылъыр Къэбэрдей-Балъкъэрым Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ и институтым кьыщыбгъуэтынущ.

ЧЭРИМ Марианнэ.

● КъБР-м и Парламентым

Цыхьухэр къезышэкI транспортыр уз зэрыщIалэм и къежьапIэ мыхъун папщIэ

Коронавирус уз зэрыщIалэр къэмыгъэхъун, абы земыгъэубгъун мурадкIэ Налшык къалэ округым и щIыналъэ администрацэм автомобиль транспорткIэ цIыхухэр къезышэкI Iуэхущ1апIэхэм яхуигъэхьа тхыгъэм къыщыгъэлъэгъуащ маршрутым тет транспортыр гъэкъэбзэныжьмкIэ, дезинфекцэ щIынныжьмкIэ чэнджэщэр. Ахэр ягъэхьэзыращ транспортыр мы зэманым зэрызэрахьэн, зэрагъэхьэзырэн хуей щыкIэм тетуауэ Роспотребнадзорым къигъэхьа тхыгъэм къыщыгъэувахэм тету.

Цыхьухэр къезышэкIхэм чэнджэщ ират лэжьыгъуэ зэманыр зэфIэкIа нэужь зыхуэфащэ хущхьуэхэр зыхэлъ псыкIэ автобусхэр зэщIалъэщIэну, апхуэдэу цыхьухэр ирагъэкIауэ щыщыт зэманым жьы зэпрагъэхуну, транспортым и лэжьакIуэхэм я Iэхэр анисептикхэмкIэ ялъэщIыну, мыуэзынщэу, пыхуэсыу япкърыту гу зыльатахэр гъуэгу трамыгъэувэну.

Кьалащхьэм и администрацэм и лэжьакIуэхэр щIадзауэ кIэлъоплъ а чэнджэщэр маршрутхэм тетхэм зэрагъэзащIэм. Гъатхэпэм и 17-м абыхэм кьапщытащ «Таксопарк» ООО-м щыуэфащэ лэжьыгъэхэр кьызэрыщщызэгъэпэщащ. Апхуэдэ кьэпщытэныгъэхэр адрей Iуэхущ1апIэхэми щекIуэкIынущ.

Налшык къалэ администрацэм и пресс-Iуэхущ1апIэ.

«Адыгэ псалъэр» къезыгъэхьхэм захудогъазэ

2020 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм цIыхухэм яIэрыхьэну газетхэмрэ журналхэмрэ Iэ щыщIадз зэманыр иухащ.

«Адыгэ псалъэ» газетыр зыIэрыхьэну хуейхэм хъыбар фыдогъащIэ: мэлыжьыхьым къыщыщIэдзауэ ар кьевгъэхьын папщIэ Iэ щыщIэвдз хъунущ Урысей пощтым и дэтхэнэ Iуэхущ1апIэми.

Мази 3-м «Адыгэ псалъэ» газетым и уасэр com 348-рэ кIэпIейкIэ 15-рэщ.

Ди индексыр П5894

ЗэфIагъэкIахэмрэ къапэщытхэмрэ

(КIэухыр. ПэщIэдзэр 1-нэ нап. итщ).

Зытепсэльыхь къэхъукъащIэхэм хуэдэ къышIымыгъэхъунымкIэ зыгъэпсэхуниIэ щIыпIэхэм щыгъэззэщIапхъэм и гугъу ящIащ «Iуащхьэмахуэ» лъэпкъ парк къэрал бюджет Iухущ1аниIэм и унафэщI Залиханов Юсупрэ Эльбрус посёлкэм и администрацэм и Iэтащхьэ Согаев Магомедрэ. Къэпсэлъэхэм къызэрыхъэщ1ащ1мкIэ, Бахъсэн и псыхъуащхьэхэм къытрагъэзэжурэ щ1агъэкIуэкIыпхъэ лэжьыгъэхэм ящыщщ мэзхэм зыщ1ызыгъэпсэхухэмрэ пхъэнкIий щ1ызэщ1зыкъуэхэмрэ мафIэ щ1ызэщ1амыгъэстыным къыхуеэыджэ тхыгъэхэр зытет пхъэбгъу кIапэхэр адэкIэ-мыдэкIэ гъэувныр, мы Iуэхум ехьэлIауэ къуажэдэсхэри сакъын зэрыхуейр ягъ къэзыгъэкIыж зэIущIэхэр егъэжьагъэмкIыр, мафIэм зэрыпэщIэтыну IэмэпсымэхэмкIэ Iуэхущ1аниIэхэр къызэгъэпэщ1ныр, нэгъэущIэхэр.

Правительствэм и Унэм а махуэм щ1ызэхуэсахэм етIуанэ Iуэхугъуэу щ1ыгъуазэ зыхуащIащ республикэм егъэджэныгъэмкIэ и Iуэхущ1аниIэхэр мафIэс къыщ1мыгъэхъунымкIэ къызэрызэгъэпэщ1ам. Абы теухуауэ зэIущIэм къыщ1ыпсэльащ КъБР-м лажьыгъэмрэ социальнэ IэзыужьжыныгъэмкIэ и министр Асанов Алимрэ егъаджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я IуэхуэхмкIэ министр Къумыкъу Iэуесрэ. А тIум нэхъ зэгугъупхъэ Iуэхугъуэхэм ящыщу къыхагъэщащ еджапIэхэмрэ социальнэ Iуэхущ1аниIэхэмрэ мафIэсым зэрыпэщIэтын IэмэпсымэхэмкIэ ирикъуу къызэрызэгъэпэщ1ар къытрагъэзэжурэ къэпщытэжьи, щ1алажьэхэм къызэрыщ1ыкIуэ щытыкIэр къызэрызэранэжьым теухуауэ дерс щхьэхуэхэр щIэрыщIэу ядегъэкIуэкIын зэрыхуейр.

Дызэрыщ1ыгуаэзщи, илъэс зыбжанэ ипэкIэ ди республикэм, нэхъ пхыхыкIауэ жытIэмэ, Бахъсэн и псыхъуащхьэхэм къыщ1ыхъуа къэхъукъащIэ шынагъуэхэм ящыщт бгы лъабжьэхэм къыщежьа псыдзэмрэ абы къыздрихьжьа къуаэ-чыцэхэмрэ федеральнэ мыхьэнэ зиIэ Прохладнэ-Азау гъуэгур щIыпIэ куэдым дэж зэхифыщIауэ, абы и зэранкIи а щIыпIэм тхьэмыщкIагъэхэри къыщыхъуауэ зэрыщытар. ЗэIущIэр езыгъэкIуэкIхэм а Iуэхугъуэ мыщхьэпэр ягу къагъэкIыжри, щIэупщIащ мы гъэми апхуэдэ Iуэху шынагъуэхэр къыщ1ымыхъунымкIэ щэсыпIэу щыIэр зыхуэдэм. Зи гугъу ящIам теухуауэ къызэхуэсахэм я пащхьэм къыщ1ыпсэльащ Къэбэрдей-Балъкъэр Гидрометеорологиемрэ дыкъэзыухъурееихь дунейм кIэлъыплъныгъэхэр щегъэкIуэкIынымкIэ и центрым и унафэщI Богаченкэ Евгений. Абы жиIам тетщIыхьмэ, Бахъсэн и псыхъуащхьэхэми, ди республикэм и адрей бгыпIэ щ1ыпIэхэми мы гъэм псыдзэ къащIауэнкIэ шынагъуэ щIэIэкъым, щ1ымахуэ блэкIам, дызэрыщыгъуазэщи, дэнэкIи уэс «дыщ1щIэу» зэрыщ1там къыхэкIыу.

Зэхьыхьэм апхуэдэу и гугъу щ1ащIащ республикэм щ1ыпсэухэм къыщ1эзыдзэ къэхъукъащIэхэм ятеухуауэ къыбар зэрыграгъащIэ IэмалхэмкIэ УФ-м и МЧС-м и Къэбэрдей-Балъкъэр щ1ыдамэр къызэрызэгъэпэщам зэхъуэкIыныгъэщIэхэр, дызэрыт зэманым къызэригъэуву, хэлъхьэн зэрыхуейм. А Iуэхум екъэлIауэ зэIущIэм къыщ1ыпсэльащ «Къэбэрдей-Балъкъэр мафIэсгъэункIыфI-кьегъэлакIуэ гуп» къэрал кIэзоиз Iуэхущ1аниIэм и унафэщI Къардэн Анзор.

КЪУМАХУЭ Аслъэн.

Псэуащ, лъагапIэхэр и плъапIэу

● Жыжьэ - гъунэгъу

Къэрмокъуэ Чэмал Быдэ и къуэр

ЦIыхур дунейм къыщытехьэм деж, абы и щыIэкIэ-псэукIэ хъунымрэ и гумрэ и псэмрэ зэтауэ щытыну Iэщ1агъэмрэ къыдалъхуу жаIэ. Языныкъуэхэри я мурадхэм хуэкIуэурэ ерыщу зэрагъэгъуэт, нэгъуэщIхэми гъащIэ псор трагъэкIуадэ, кьахуэхмыхьурэ. Мы тхыгъэр зытеухуа Къэрмокъуэ Чэмал (Ахърэт нэху Тхьэм къырит) Iэщ1агъэ ищIынумкIэ куэдрэ чэнджэщакъым, иджыри сабийуэ и гум ирилъхьауэ щытат и адэм и лъэужьым ирикIуэну. Абы и адэ Быдэ и гъащIэ псор ирипхат Iэщым елэжьыным, ар лэгъупжьу колхозым илъэс куэдкIэ щыIат. Дилъагъу псори зигу изубыдэу къэтэджа Чэмал а лъагуэм теувэн мурад зэрищIам адэр щымыгуфIыкIынкIэ Iэмал зимыIэт.

1930 гъэм Зеикъуэ къуажэ щалъхуа Чэмал курыт еджапIэр къиуха нэужь Налшык дэт мэкъумэш техникумым Iэщ1агъэ щ1зэригъэгъуэтри, Къызбрун дэт ветеринар участкэм лажьэну къинагъэзэжат. Мэкъумэш лэжьыгъэм щIапIыкIа щIалэм зыпэрыт Iэнатlэм фIы и лъэныкъуэкIэ зыкъыщIигъэлъагъуэ зэпыт.

Чэмал куэдрэ щ1ыдэIуат икIи фIыуэ щ1ыгъуазэт мэл гъэхуным пыщIа Iуэхуэхэм, абыхэм я бжыгъэр хэбгъэхъуэн, хьер нэхъыбэ кьапытхэм щхьэкIэ лэжьыгъэхэхэм. Адэм и лъэужьым теува къуэр чэнджэщ щ1ыщIэртэкъым, ауэ, итIанэми, Чэмал къыгурыIуэрт Iэщ1ыр и ныбэ изу бгъашхэкIэ, зыщ1этыр гъущ1у зепхьэкIэ Iуэхур зэрызэфIэмыкIынур, атIэ абыхэм кIэлъыплъынт, уэ къеуалIамэ, зэрыгъэхъужьыгъэхъэми зыщ1ыгъэгъэзэн зэрыхуейр.

Абы къыхэкIкIэ Къэрмокъуэм куэд щIауэ и гум щигъафIэу зыщ1эхуэпс Iэщ1агъэм хуеджэну мурад ещIри, Ставрополь дэт мэкъумэш институтым и ветеринар къудамэм щIотIысхьэ. И псэм фIэфI Iуэхум зэрыщхьэхуэхэр щIэрыщIэу ядегъэкIуэкIын зэрыхуейр.

Дызэрыщ1ыгуаэзщи, илъэс зыбжанэ ипэкIэ ди республикэм, нэхъ пхыхыкIауэ жытIэмэ, Бахъсэн и псыхъуащхьэхэм къыщ1ыхъуа къэхъукъащIэ шынагъуэхэм ящыщт бгы лъабжьэхэм къыщежьа псыдзэмрэ абы къыздрихьжьа къуаэ-чыцэхэмрэ федеральнэ мыхьэнэ зиIэ Прохладнэ-Азау гъуэгур щIыпIэ куэдым дэж зэхифыщIауэ, абы и зэранкIи а щIыпIэм тхьэмыщкIагъэхэри къыщыхъуауэ зэрыщытар. ЗэIущIэр езыгъэкIуэкIхэм а Iуэхугъуэ мыщхьэпэр ягу къагъэкIыжри, щIэупщIащ мы гъэми апхуэдэ Iуэху шынагъуэхэр къыщ1ымыхъунымкIэ щэсыпIэу щыIэр зыхуэдэм. Зи гугъу ящIам теухуауэ къызэхуэсахэм я пащхьэм къыщ1ыпсэльащ Къэбэрдей-Балъкъэр Гидрометеорологиемрэ дыкъэзыухъурееихь дунейм кIэлъыплъныгъэхэр щегъэкIуэкIынымкIэ и центрым и унафэщI Богаченкэ Евгений. Абы жиIам тетщIыхьмэ, Бахъсэн и псыхъуащхьэхэми, ди республикэм и адрей бгыпIэ щ1ыпIэхэми мы гъэм псыдзэ къащIауэнкIэ шынагъуэ щIэIэкъым, щ1ымахуэ блэкIам, дызэрыщыгъуазэщи, дэнэкIи уэс «дыщ1щIэу» зэрыщ1там къыхэкIыу.

Зэхьыхьэм апхуэдэу и гугъу щ1ащIащ республикэм щ1ыпсэухэм къыщ1эзыдзэ къэхъукъащIэхэм ятеухуауэ къыбар зэрыграгъащIэ IэмалхэмкIэ УФ-м и МЧС-м и Къэбэрдей-Балъкъэр щ1ыдамэр къызэрызэгъэпэщам зэхъуэкIыныгъэщIэхэр, дызэрыт зэманым къызэригъэуву, хэлъхьэн зэрыхуейм. А Iуэхум екъэлIауэ зэIущIэм къыщ1ыпсэльащ «Къэбэрдей-Балъкъэр мафIэсгъэункIыфI-кьегъэлакIуэ гуп» къэрал кIэзоиз Iуэхущ1аниIэм и унафэщI Къардэн Анзор.

КЪУМАХУЭ Аслъэн.

● Ди махуэгъэпс

Илъэсыщ1эм и пэщ1эдзэуи ялъытэ

«Щ1ым и махуэ» зыфIаща Iуэхугъуэр 1971 гъэм япэ дыдэу США-м щагъэлъэпIащ. Ар хуагъэзащ гъатхэпэм и 20 - 21 махуэхэм. Абдежращ дыгъэм и нэхурэ жэщым и кIыфIри я кIыхьагъкIэ зэхуэдэ щ1ыхъур. КъызэральытэмкIэ, а льэхъэнэ кIэщым къриубыдэу щ1ыуэпсым и щ1ытыкIэм зехьэуэж.

МАХУЭШХУЭМ и къалэн нэхъыщхьэр щ1ыхуэхэр дыкъэзыухъурееихь дунейм нэхъ сакъыу хущытыным къыхуеджэныр, псоми ди зэщ1ауэ «унэшхуэм» - Щ1ы Хъурейм - щ1ыхьныр ди зэхуэдэ къалэну зэрыщытыр дигу къэдгъэкIыжьныырщ.

Ди Къэрбым Щ1ым и махуэр гъэлъэпIэн щ1ыщ1адзар 1998 гъэращ. Абы гъандэрэ Урысей Федерацэм Щ1ыуэпсым и хъугъуэфIыгъуэхэмрэ экологиемкIэ и министерствэм, Къэрал Думэм Щ1ыуэпсыр къэгъэсэбэпыныр экологиемкIэ и комитетым, Президентым и деж щ1ыIэ Жылагъуэ палатэм, властым и нэгъуэщI федеральнэ Iуэхущ1аниIэхэми абы гулъытэ хэлэтыкIа хуащI икIи ар гъэ къэс цIыхубэм дагъэльапIэ.

Мыри къыхэдгъэщынут: ижьижьыж льандэрэ адыгэхэм гъатхэпэм и 21-р ИльэсыщIэр къыщ1ижьыжьхьэ маХуэу ялъытэ. Мажуский диным къыхэкIыу ди деж къэса мафIащхьэ джэдри щ1ыхьэт зытехъэгъэ аращ. Ауэ мы махуэр, къызэрыхэдгъэщащ, Щ1ы Хъурейм цIыхуу тетым ди зэдай гуфIэгъэуэщ.

Гудзакъэ тхэлъу дыкъэзыухъурееихь дунейм дыхущытыным, гулъытэ хэIэтыкIа абы хуэтщIыным екъэлIауэ гъатхэм кIрахьэжьэ Iуэхугъуэ дахэхэрщ «Щ1ым и махуэ» зыхужьитIэ хъунури. ООН-м и штаб-фэтэрэ Нью-Йорк щ1ыIэм илъэс къэс гъатхэпэм и 21-м къыщоуэ Мамырыгъэм и тхьэгъушыр. Ар япэу къыщ1ыхъуар 2008 гъэращ.

ХЬЭТЫКЪУЭ Щ1ауапщIэ.

● ДифI догъэлъапIэ

Бзылъхугъэ гуащIафIэ

Пхъэшх Светланэ

Къэхъун къуажэ дэт Тхылъ хъумапIэр 1952 гъэм къызэIуахауэ щытащ. Метр зэбгъуэзнатIэ 30 фIэкIа мыхъу библиотекэм тхылъ мини 2 щIэлъу къежьат ар. ИужькIэ, 1970 гъэм, къуажэм ЩэнхабзэмкIэ унэ дащ1ыхьри, абы ягъэIэпхъуащ. Тхылъ зыфIэфIэмрэ зи щIэныгъэм хэзыгъэхъуэну зи мурадхэмрэ я дежкIэ гурыфIыгъэшхуэт ар. Иджы абы ущеджэ хъун пэш хуитышхуэхэр иIэт, узыхуей тхылъхэр тыншу щыбгъуэтырт, езы Iуэхущ1аниIэм щылажьэхэри нэжэгужэу къыпIуащIэрт.

ЖЫлЭР дзэзыхэха а Iуэхущ1аниIэ дахэр къыщ1ызэIуаха лъэхъэнэ льандэрэ къуажэ библиотекэм щолажьэ Пхъэшх Светланэ. 1975 гъэм а Iэнатlэм зэрыпэрыхьэрэ зы махуи хущIегъуэжакъым икIи езэшакъым. Светланэ щ1алажьэр ауэ тхылъ хъумапIэ къудейтэкъым а зэманым, атIэ щIалэгъуалэм я зэхуэзанIэт, зыгъэпсэхупIэт, щIэныгъэм и къигъэхъуанIэт.

Илъэс 45-рэ ирокъу Светланэ а Iэнатlэм зэрыпэрытрэ, абы щыщу илъэс 30-м нэблагъуэ Къэхъун дэт библиотекэм и унафэщIщ. Къыщ1эупщIэм тхылъ ирит къудейкIэ зэфIэкIыркъым абы и лажьыгъэ, атIэ и гумызагъагъэмрэ и лажьыгъэм хуиIэ лъагъунытыгъэмрэ къигъэсэбэпу жыл1эдэсхэм къахуэщхьэпэ Iуэхугъуэ куэд ирегъэкIуэкI. Къыщынэмыщ1ауэ, щIалэгъуалэм тхылъыр Iэщ1ыб ямыщIыным, къыдэкIуэтей щIэблэр абы дегъэхьэхыным теухуауэ бгъэдыхьэкIэ щхьэхуэхэр къегупсысыф.

И къалэн нэхъыщхьэхэм къадэкIуэу, Светланэ сыт щыгъуи пшыхь дахэхэр, зэIущIэ гукъинэжхэр зэхешэ. Псалъэм къыдэкIуэу жыпIэмэ, абы и фIыгъэкIэ къэхъундэсхэм зрагъэцIыхуащ ди республикэм щ1ыщIэрыIуэ тхакIуэ, усакIуэ, щIэныгъэлI куэд. Апхуэдэуи махуэшхуэхэм екъэлIауэ къызэригъэпэщ зэхьыхьэхэр гукъинэжь мэхъу. Абыхэм къорхьэлIэ къуажэм щыщ цIыху щэджащэхэр, пщIэ зыхуащIхэр, Iэщ1агъэ, къулыкъу зэмылIэужьыгъуэхэм екъулIэныгъэхэр щ1ызыгъэхьэхэр. А Iуэхуэрэ къызэгъэпэщ1ным хуэщ1ярыуэщ Светланэ. Арагъэнщ ар егъэджакIуэхэмрэ гъэсакIуэхэмрэ я дзэпыкъуэгъу, чэнджэщагъу нэсу къыщIалъытэр, жылэм дэлъ сыт хуэдэ Iуэхуми жыджэру щ1ыхэтыр.

Нобэ библиотекэм и къалэнхэмрэ мурадхэмрэ зыкъомкIэ захъуэжауэ жыпIэ хъунущ. Ар иджы тхылъ щ1ахъуэ унэхъым, атIэ жылагъуэ гъащIэм щекIуэкI Iуэху щхьэпэхэм я кIарурэ гуащIэрэ щ1ыхалъхьэщ. Абы ипкъ итклэ, Къэхъун къуажэ администрацэм, жылэм дэт курыт еджапIэхэм, сабий гъэсапIэхэм, амбулаторэм, жылагъуэ зэгухьныгъэхэм я гъусэу Пхъэшхым Iуэхугъуэ зэмылIэужьыгъуэхэр къызэрегъэпэщ1ауэ щ1ыIэрызыгъэхьэхэр. А Iуэхугъуэ къызэгъэпэщ1ным хуэщ1ярыуэщ Светланэ. Арагъэнщ ар егъэджакIуэхэмрэ гъэсакIуэхэмрэ я дзэпыкъуэгъу, чэнджэщагъу нэсу къыщIалъытэр, жылэм дэлъ сыт хуэдэ Iуэхуми жыджэру щ1ыхэтыр.

Нобэ библиотекэм и къалэнхэмрэ мурадхэмрэ зыкъомкIэ захъуэжауэ жыпIэ хъунущ. Ар иджы тхылъ щ1ахъуэ унэхъым, атIэ жылагъуэ гъащIэм щекIуэкI Iуэху щхьэпэхэм я кIарурэ гуащIэрэ щ1ыхалъхьэщ. Абы ипкъ итклэ, Къэхъун къуажэ администрацэм, жылэм дэт курыт еджапIэхэм, сабий гъэсапIэхэм, амбулаторэм, жылагъуэ зэгухьныгъэхэм я гъусэу Пхъэшхым Iуэхугъуэ зэмылIэужьыгъуэхэр къызэрегъэпэщ1ауэ щ1ыIэрызыгъэхьэхэр. А Iуэхугъуэ къызэгъэпэщ1ным хуэщ1ярыуэщ Светланэ. Апхуэдэхэм Iэмал имыIэу къыхьэшэ щIалэгъуалэр, школакIуэхэр, зи школ кIуэгъуэ мыхъуэ цIыкIуэхэр. Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, Светланэ япэ иригъэщхэм ящ1ыщ нэхъыжьхэмрэ нэхъыщIэхэмрэ я зэпыщIэныгъэр. Абы сыт щыгъуи къеренъэблагъэ зауэмрэ лажьыгъэмрэ я ветеранхэр, тылым и лажьакIуэхэр, Нэхъыжьхэм я советым хэтхэр. «Абыхэм я гъащIэ гуэргуанэм ирипIэжкIэрэщ щIалэгъуалэм кьапэщыпIэ гъащIэр щ1ауэбыхуфынур, нэхъыжьхэм я чэнджэщхэрщ къыдэкIуэтей щIэблэм гъаузэ яхуэхъунур», - жиIэ зэпытщ Пхъэшхым. Бзылъхугъэ гуащIафIэм къызэрильытэмкIэ, апхуэдэ зэпыщIэныгъэм гугъуехь куэд иризэфIэпхьфынущ, щIалэгъуалэр фIым, дахэм, пэжым хуэбгынтIыфынущ, щэнхабзэр, хабзэр, лъэпкъ зэныбжьэгъугъэр ирибгъэбыдэфынущ.

Хэкур фIыуэ лъагъуным, анэдэлъхубзэр зэгъэщIэным, хэкупсэу щIалэгъуалэр гъэсэным сэбэп хуэхъунур зэIущIэ, зэпсэльэныгъэ гъэщIэгъэнэхэр. Абы ипкъ иткIэ Светланэ и лажьыгъэмэ щигъэнэхэ щхьэпэщ1ыр ахэращи, Тхьэм къыхуэпищэ!

ДОХЪУШОКЪУЭ Синэ.
Аруан щIыналъэ

Мы махуэхэм

Гъатхэпэм и 21, *щ1эбэт*

♦Гъэрэ щIырэ щ1ызэхэкI махуэщ
♦Усыгъэм и дунейпсо махуэщ
♦Мэзхэм я дунейпсо махуэщ
♦Лъэпкъ зэхэгъэж зэращIым ебэныным и дунейпсо махуэщ
♦Гуащ1э театрым и дунейпсо махуэщ
♦КъуэкIыпIэ Гъунэгъум щыIэ къэралхэм Анэм и махуэр щагъэлъапIэ
♦1918 гъэм Къэбэрдейм-Балъкъэрымрэ совет властыр щагъэуваш.
♦1992 гъэм Тэтэрстаным референдум щекIуэкIащ. ЩIэупщIэныгъэм хэтахэм я процент 67-м нэблагъэр и телъхьэ хъуащ дуней псом къыщалъытэ къэрал щхьэхуэ я республикэр хъуным.
♦2014 гъэм УФ-м ФедерацэмкIэ и Советыр арэзы техъуащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Гидрометеорологиемрэ Севастополь къалэмрэ Урысейм зэрыхьхьэжам теуха зэгурыIуныгъэм.
♦Композитор щIэрыIуэ **Бах Иоганн Себастьян** къызэрэлъхурэ илъэс 335-рэ ирокъу.
♦Къызэралъхурэ илъэси 125-рэ ирокъу совет уэрэджыIакIуэ, актёр, эстрадэм и артистхэм ящыщу «СССР-м и цIыхубэ артист» цIэр япэу зыфIаща **Утёсов Леонид** (и цIэ-унэцIэ дыдэр **Вайсбейн Лазарщ**).
♦Адыгэ тхакIуэ **Махъсидэ Залымхъан** къызэралъхурэ илъэси 110-рэ ирокъу.
♦Урысей Федерацэм щIыхь зиIэ, Адыгэ Республикэм и цIыхубэ артисткэ **Жанэ Нафисэт** къыщалъхуа махуэщ.
♦И ныбжьыр илъэс 70 ирокъу УФ-м нэгъуэщI къэрал IуэхухэмкIэ и министр **Лавров Сергей**.
♦Адыгэ суэтэщI **Хъуажь Рэмэзан** и ныбжьыр илъэс 70 ирокъу.
♦1961 гъэм къалъхуащ биологие щIэныгъэхэм я доктор, КъБКЪМУ-м и профессор **Джатокъуэ Олег**.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэрытымкIэ, республикэм уэзыж мащIэу къыщIешхьныщ. Махуэм хуабэр градуси 9 - 10, жэщым градуси 2 - 3 щ1ыхъунущ.

Гъатхэпэм и 22, *тхьэмахуэ*

♦Псыхэм я дунейпсо махуэщ
♦Балтие тенджызым и дунейпсо махуэщ
♦Таксистым и дунейпсо махуэщ
♦1895 гъэм Люмье зэкъуэшхэм Франджым и къалащхьэ Париж дунейм щыяпэу кинофильм щагъэльэгуащ.
♦1945 гъэм Хьэрыт Къэралхэм я Лигэ къызэрагъэпэщащ.
♦1951 гъэм Москва и Шаболовкэ телецентрым лэжьэн щ1ыщIдзащ Совет Союзым и Телевиденэм и студие нэхъыщхьэм.
♦1928 гъэм къалъхуащ Урысей Федерацэм щIыхь зиIэ и егъэджакIуэ **Жамбэч Мухьэдин**.
♦1936 гъэм къалъхуащ биологие щIэныгъэхэм я доктор, КъБКЪМУ-м и профессору икIи и япэ ректору щыта, Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ Урысей Федерацэмрэ щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **ФиIэпщэ Борис**.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэрытымкIэ, республикэм пшэр техьэтекIыу щ1ыщ1тынущ. Махуэм хуабэр градус 14 - 15, жэщым градуси 3 - 4 щ1ыхъунущ.

Гъатхэпэм и 23, *блыщхьэ*

♦Метеорологием и дунейпсо махуэщ
♦Урысей Федерацэм и Гидрометеорологие Iэнатlэм и лэжьакIуэхэм я махуэщ
♦1876 гъэм электрокъарукIэ лажьэ лампIыр къызэригупсыкам и патент инженер Яблочков Павел къратащ.
♦1956 гъэм ящ1 илъам республикэр - Пакистаныр - къэунэхуащ.
♦1912 гъэм къалъхуащ шапсигъэм къахэкIа Совет Союзым и ЛIыхъужь **Ащумыжь Айдэмыр**.
♦1923 гъэм къалъхуащ Зеикъуэ къуажэм щIыхь зиIэ и цIыхуу щыта, Iуэрыl1уэтэдж **Къэфыщ1э Мусэбий**.
♦УэрэджыIакIуэ, Адыгэ Республикэм и цIыхубэ артисткэ **Нэхей Тамарэ** къыщалъхуа махуэщ.
♦1939 гъэм къалъхуащ Урысей Федерацэм щIыхь зиIэ и юрист, юстицэмкIэ 2-нэ класс зиIэ къэрал чэнджэщагъу **Абаэз Руслан**.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэрытымкIэ, республикэм пшэр техьэтекIыу щ1ыщ1тынущ. Махуэм хуабэр градус 15 - 16, жэщым градуси 4 - 5 щ1ыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар
ХЬЭТАУ Ислъамщ.

Лъэпкъ Iущыгъэ:

БлэбгъэкIым улъэщIыхьэжыркъым.

● Щ1э

Хэку зауэшхуэм щытекIуахэм я фэеплъ лъапIэ

Котляровхэ Мариерэ Викторрэ я тхылъ тедзапIэм Хэку зауэшхуэм ТекIуэныгъэ Иныр къызэрыщ1ытхьэрэ илъэс 75-рэ щIрикъум ирихьэлIэу «Золотые звёзды Кабардино-Балкарии. Герои Советского Союза. Полные кавалеры ордена Славы» фIэщыгъэм щ1эт плакатхэр иджыблагъэ дунейм къыщ1ытехьащ. Ахэр «Слава. Россия. Победа!» дзэхэкупсэ Iуэхум папщIэ «Патриот» жылагъуэ зэгухьныгъэм иригъэщIащ.

ТХЫЛЪ тедзапIэр мы Iуэхум жэуапIыныгъэ ин пылъу бгъэдыхьащ: лIыхъужьхэм я гъащIэ гъэугуанэм иджыри зэ щIэпIыкIыжащ, ЩIыхь орденым и дамыгъэ псори зыхуагъэфэщауэ, щхьэусыгъуэ гуэрхэмкIэ зи цIэр кьрамыIуэу щыта Прохладнэ кьалэ щыщ Клюй Михаил хагъэхьэжащ. Апхуэдэуи абы хэтщ Къэбэрдей-Балъкъэрым икIыу дзэм кIуаэр, лIыхъужьыгъэ кьагъэлъагъуэу зауэм зэрыхэтам папщIэ дамыгъэ лъапIэхэр зыхуагъэфэщащхэр. Псори зэгъэусэу щIыху 43-рэ мэхъу ахэр.

Хэку зауэшхуэм ТекIуэныгъэ Иныр къыщыхьныным ди республикэм уасэшхуэ щIитащ. Фронтым щыIа щIыху мин 60-м щIигъуи ящыщу мин 32-м зауэ губгъуэхэм я псэр щатащ. Абыхэм я цIэр хъумэныр, я щIыхьыр Iэтыныр дэтхэнэми ди щIэрылъ. А мурадращ фэеплъ плакатхэр зыщIахэми яIар. Ахэр ди республикэм и курыт еджапIэхэм иратынущ.

ИНЭРОКЪУЭ Данэ.

Махуэшхуэ спартакиадэ

Урысей ФСИН-м и Iуэхущ1аниIэу КъБР-м щыIэм и VIII спартакиадэм ипкъ итклэ Налшык къалэ дэт Сабий стадионым щекIуэкIащ футбол щIыкIымкIэ зэпеуэ. Ар траухуат Урысейм и уголовнэ-гъэзэщIакIуэ Iэнатlэм и лэжьакIуэхэм я махуэм.

ИЛЪЭС къэс апхуэдэ зэхьэзэхуэхэр ирегъэкIуэкI щIыналъэ УФСИН-м икIи я зэфIэкI щагъэльагъуэ Управленэмрэ абы и Iэнатlэхэмрэ я лэжьакIуэхэм. Мы гъэм зэпеуэм командэу 8 хэтащ.

Къызэхуэсахэм фIэхъус псалъэкIэ захуигъэзащ Управленэм и унафэщIым и къуэдзэ къэралкIуэцI къулыкъум и полковник Фоменкэ Андрей.

«Зэхьэзэхуэм щытекIуащ уголовнэ-гъэзэщIакIуэ инспекцэм и командэр. Гуп къыхэхар етIуанэщ. Ещанэ увыпIэр лъысащ управленэм и аппаратым, - кIэт Iэнатlэм и пресс-Iуэхущ1аниIэм и унафэщI Зэбар Мадинэ. - ТекIуэхэмрэ къыхэманыкIахэмрэ иратащ щIыхь тхылъхэмрэ медалхэмрэ. Бжьыпэр зыщ1ыбыда командэм хуагъэфэщащ КъБР-м щIэ1э УФСИН-м и УИИ-м и кубок зэIэпахыр».

УАРДЭ Жантинэ.

Сабийхэр ягъэгуфIэ

Урысей МВД-м Дзэлыкъуэ районым щIиэ къудамэм и лэжьакIуэхэр щ1ыIащ я нэIэ зытет Зеикъуэ къуажэм дэт школ-интернат №1-м и гъэсэнхэм я деж.

ПОЛИЦЕЙХЭМ цIыкIухэм тыгъэ хуащIащ куэд щIауэ зыщ1эхъуэпс макъамэ Iэмэпсымэ. Къищынэмыщ1ауэ иратащ хьэпшыпхэмрэ Iэфы1кIэхэмрэ.

Хьэщ1эхэм цIыкIухэм узынщагъэ, екъуIэныгъэ я1эну зэрагуапэр жраIащ икIи абыхэм я гъэсакIуэхэм фIыщIэ хуащIащ я лэжьыгъэ гугъум зэрыпэлъэщым папщIэ.

БАХЪСЭН Ланэ.

Черкасскэ Михаил

Iимам Щамил

Шевкет Мыхьмуд-пэщэ

Кавказым и бын куэд дунейм цIэрыIуэ щыхъуащ я лIыгъэрэ я акъылкIэ. Батэр зыгъэшахэм яхэтащ лIакъуэлIэши, къызэрыгуэкI бгырыси, офицери, генерали, маршали, визири, сулътIани, пэщэ хъуахэри.

Нобэ зи гугъу сщIынур генералиссимусхэрщ. Ахэр щы мэхъу - адыгэ, авар, шэшэн.

● Жыжьэ - гъунэгъу

Кавказым и къуэ щэджащэхэр

Алыджыкъуэр генералиссимус зэрыхъурэ илъэс 325-рэ ирокъу

МЫБДЕЖЫМ, япэ зизгъэщынщи, щыжысIэнщ генералиссимус фIащу къыщежьам абы иIа мыхьэнэр. Нэхъапэм ар фIащырт къэрал гуэрым и дзэзешэм, е къэрал зыбжанэм я дзэ зэгуэтым и Iэтащхьэм, фIащырт пщIэрэ щIыхьрэ зэрыхуэфащэм и нэщэнэу. Языныкъуэхэм а фIэщыгъэцIэр хуагъэфащэрт пащтыхьыгъуэр зыIэщIэлъхэмрэ къэрал лэжьакIуэшхуэхэмрэ.

Генералиссимус цIэр фIищырт зи хьэмтетыгъуэ пащтыхьым, е къэралым тетыгъуэр щызыIыгъым - парламентым, сенатым.

ИгъащIэ псокIэ генералиссимусу щытыну зыхуагъэфащи, зауэр иухыху къудейкIэ а цIэр зрати щыIэт.

Япэ дыдэу генералиссимус хъуахэу XVI лIэщIыгъуэм тхыдэм ихуащ франджы дзэзешэхэу Анжуй Анри, де-Гиз Генрих сымэ.

Урысейм и япэ генералиссимусу ягъэIуат Меньшиков Александр Данил и къуэр (1673 - 1727). Ар урыст, Мэзкуу пэмыжыжьэу къыщалъхуат. Абы нэхъ «щхьэусыгъуэшхуи» иIакъым Бантыш-Каменскэ Дмитрий «Урысейм и генералиссимусхэмрэ генерал-фельдмаршалхэмрэ я гъащIэр» тхылъыр (1840 гъэм Батырбыху къыщыдэкIащ) щитхым щыгъуэ.

Нэхъ иужьыIуэкIэ, «зэрымыщIагъэкIэ» урыс тхыдэтххэр щыуэрт, лъэпкъкIэ нэмыцэ Шейн Алексей а фIэщыгъэцIэ лъапIэр япэу хуагъэфэщауэ ятхыурэ. Ауэ пэжыр сэтей къэхъуащ 1988 гъэм «Вопросы истории» журналым и етхуанэ къыдэкIыгъуэр дунейм къытехьа нэужь. Профессор Томенкэ Николай тридза тхыгъэм къыщехь Брикнер А. Г. и «Пётр Езанэм и тхыдэ гъэщIэрэщIа» жыхуиIэ тхылъым щыщ мы пычыгъуэр: «Унафэр зыгуэрым IэщIэлъхьэным теухуауэ Пётр Езанэм 1695 гъэм дыгъэгъазэм и 14-м хасэ зэхуишэсащ. Абы къригъэблэгъащ Гордон, Лефорт, нэгъуэщI зыбжани. Нэхъ пасэу Iуэхум и унафэр ящIакIэт: генералиссимусу хахащ пщы Черкасскэр». АдэкIи къэгъэлъэгъуа мэхъу Шейн етIуанэу генералиссимус Урысейм зэрыщыхъуар.

Иджы девгъэплъыт нэгъуэщI зы тхылъи - «Гордон Пётрикрэ абы и гукъэкIыжххэмрэ» жыхуиIэм. ЕтIуанэу Iузэв (Азов) тенджыз лъэныкъуэм зэуакIуэ кIуа урысыдзэм хэта генерал Гордони къегъэлъагъуэ Черкасскэ Михаил Алыджыкъуэ и къуэм генералиссимус цIэр щыфIащар 1695 гъэм дыгъэгъазэм и 14-р арауэ.

XVII - XVIII лIэщIыгъуэхэм Урысейм и тхыдэм увыпIэшхуэ щеубыд Черкасскэ Михаил. А лъэхъэнэм Урысейм иIакъым абы нэхъ зэфIэкI зиIэ къэрал лэжьакIуэ. Ар къахощыж тхыгъэ куэдым. Къахощыж а тхыгъэхэм Пётр I цIыху къыхэзыщIыкIа, щысабийм къыщыщIэдзауэ зыгъэса, зыущия, балигъ хъуа нэужьи Iуэхугъуэшхуэхэм хуэзыунэтIа цIыху акъылыфIэу, Урысейм и пащтыхь цIэрыIуэр ажалым мызэмытIэу къезыгъэлауэ, щIэныгъэшхуэрэ лIыгъэрэ зыбгъэдэлъауэ. Европэм къикIахэми яфIэтелъыджэу ятхыжащ «урыс сэхъуахэм цIыху гъэсар, щIэныгъэшхуэ зыбгъэдэлъыр зэрыхалъэгъуар».

Сурэт гуэрым щыдолъагъу: нэри пэри ихьу псышхуэ ежэхыр (Нева), зи ныджэхэр пцIанэр. Зы лIы уардэ, абэ къеубгъуэхауэ, тхылъымпIэ иIыгъым сурэт трещIыхь. ЛIым къыбгъурытщ ныбжьыщIэ зэщыхуэпыкIа - Пётр Езанэр.

«Мыбдежым къалэ щыдухуэнщ» - Пушкин и сатыр цIэрыIуэр, Пётр Iурилъхьар, пащтыхь щIалэм игу къэкIат, е жиIэпат? Ар тщIэркъым. Ауэ абы бгъурыт адыгэлI уардэм, Европэм и лIыкIуэм зэритхыжащи, а сыхьэтым и тхылъымпIэм щрит-хъэрт яухуэну къалэщIэм, Пётроград, и ухуэкIэ хъунур, ар нэхъ къыщезэгъыну щIыпIэри иубзыхурт.

АТIЭ хэту щыта Урысейм и япэ генералиссимусыр? Ар адыгэ лIакъуэлIэш унагъуэщ къызыхэкIар, Джылахъстэнейщ зыщыщыр. Мэзкуу фыз къыщешэ. Къишари къызэрыгуэкIтэкъым - Урысейр нобэми зэрыгушхуэ Пожарскэ Дмитрий и къуэрылъхущ.

Михаил гъащIэ кIыхь къигъэщIащ. Абы къулыкъу ядищIащ пащтыхьищым - Алексей Михайлович, Федор Алексеевич, Пётр Езанэм, Алексей и пащтыхьыгъуэм пщIантIэдэт цIэрыIуэ хъуакIэт, и пщIэр зыкIи нэхъ лъахъшэтэкъым Къэрал Думэм и лэжьакIуэ нэхъыжьхэм я щIыхьым нэхърэ.

1674 гъэм Алыджыкъуэ (Черкасскэ) Михаил ягъэув Новгород къалэжьым и дзэпщ-дзэзешэу. Ауэ а IэнатIэм куэдрэ пэрыткъым. 1676 гъэм и мэлыжьыхь мазэм унафэ къыIэрохьэ «Алыджыкъуэ Михайл Новгород Иным и дзэзешэ къулыкъум къытешауэ МэзкуукIэ ираджэжыну», - итщ XVI - XVII лIэщIыгъуэхэм щыIа «Къэбэрдей-урыс зэхущытыкIэхэр» тхылъым. Дзэзешэ Iэзэр къалащхьэм ираджэжыныр къыхэкIат гузэвэгъуэм - тыркухэм Украинэр яубыдыну зэрыхэтым. «Абы ехъулIэныгъэшхуэ къыщихьащ 1676 - 1681 гъэхэм екIуэкIа урыс-тырку зауэм - Украинэр Урысейм зэрыгухьам къытехъеикIам. 1677 гъэм бояр ящIа Алыджыкъуэ Михаил 1679 гъэм Киев деж тыркудзэр хьэбэсабэу щызэхикъутащ», - итщ Урыс щIэнгъуазэ псэлъалъэм.

Пётр Езанэмрэ абы и шыпхъу Софьярэ пащтыхьыгъуэм щхьэкIэ щызэныкъуэкъум щыгъуэ Черкасскэр пащтыхьыкъуэм и телъхьэ мэхъу. Аращ зи сэбэпыр «зэрыджэгу батальонхэм полк дыдэхэр къэзэрытехъукIар, зэрымыджэгу Iэщэ дыдэкIэ ахэр зэщIэузэдауэ». Зи гугъу тщIы полкхэращ - Семеновскэмрэ Преображенскэмрэ - Пётр тезыгъэкIуар, пащтыхьыгъуэр езыгъэубыдар.

Пащтыхь щIалэр щыува япэ илъэсхэм абы и жагъуэгъухэм къагъэсэбэпащ языныкъуэ зауэлIхэм я мыарэзыныгъэр. Дзэ лIэужьыгъуэщIэхэр къыщыунэху лъэхъэнэм зи гугъу тщIы «стрелецхэм» яхуэмыныкъуэж хъуат. Я хуитыныгъэри зыхэпсэукIыу щытари зэраIэщIэкIам къыхэкIыу, абыхэм Пётр Езанэр ялъагъу хъуртэкъым, куэдымкIэ ар ягъэкъуаншэрт. Псом хуэмыдэу шынагъуэу щытащ 1698 гъэм къэхъуа зэщIэхъееныгъэр, пащтыхь щIалэри традз пэтащ. Зэрытрамыдзари куэдкIэ и фIыщIэт пщы Черкасскэм, абы зэхикъутащ зыкъэзыIэтахэр.

Нэхъри зэпэгъунэгъу хъуауэ зэрыгъэпэжу къызэдэгъуэгурыкIуащ пащтыхьымрэ Алыджыкъуэмрэ. Шведхэм ятекIуэу Дерпт къищта нэужь, Черкасскэм пащтыхьым хуитхыгъащ: «Мы текIуэныгъэ нэсымкIэ уэ сынохъуэхъу икIи си гуапэщ псоми я тепщэ тхьэшхуэм и IэмыркIэ, шведхэми нэгъуэщIхэми я деж дяпэкIи текIуэныгъэ къыщыпхьыну».

Соловьёв С. М. и «Пасэ зэман лъандэрэ Урысейм и тхыдэм» ущрохьэлIэ щапхъэ гъэщIэгъуэн, пащтыхьым лIы хахуэ Черкасскэм пщIэшхуэ хуищIу зэрыщытар къиIуэтэжу. Пётр Езанэр я пашэу цIыху 250-рэ хъууэ щыта лIыкIуэ гупыр Европэм къикIыжу къалащхьэм къыщысыжам къэхъуа Iуэхущ ар зытеухуар. 1698 гъэм шыщхьэуIу мазэм и 26-м, Преображенскэ уардэунэм щIэсыжу, Пётр и IэкIэ и блыгущIэтхэм, Шейн деж къыщыщIидзэри, я жьакIэхэр яхупиупщIащ.

«ЗэмыIусахэр а IуэхугъуэщIэм имыгъэдэхэну, пщIэшхуэ зыхуащI тхьэмадэхэрщ - Стрешнев Тихонрэ пщы Алыджыкъуэ Михаилрэщ. Абыхэм я закъуэт жьакIэ зытетыжхэу къэнар».

Пащтыхьышхуэм адыгэлIым пщIэшхуэ зэрыхуищIу щытар щапхъэ куэдым нэрылъагъу къащI. Iуэху иIэу щежьэкIэ, Пётр езым и пIэкIэ Черкасскэр Iэджэрэ къигъанэрт. 1707 гъэм мэлыжьыхьым и 25-м пащтыхьым къыдигъэкIа унафэм къыщигъэлъагъуэрт: «Къэрал Iэтащхьэу къренэ пщы Алыджыкъуэ Михаил, езыр зыхуей дыдэм хуэдизу, нэхъ къызэрищтэм хуэдэу, дэIэпыкъуэгъухэр къыхрех... Правительствэм хэт псори абы ечэнджэщу щрет».

Карл ЕпщыкIутIанэр къалащхьэм къытеуэнкIэ шынагъуэ къыщыхъум, Алыджыкъуэр Мэзкуу и дзэпщу ягъэув.

Тхыдэтххэм къагъэлъагъуэ Черкасскэм Мэзкуу щищIа унэ-лъапсэ куэдыр здэщыта щIыпIэхэр «Черкасскэ ЦIыкIуkIэ, Черкасскэ ИнкIэ» иджы зэджэ уэрамхэрауэ.

Черкасскэм иужьрей илъэсхэр пащтыхь пщIантIэм щигъэкIуащ, гулъытэшхуэрэ нэмысрэ къыхуащIу. Тхыдэтх Корбэ Георгий и «ГукъэкIыжххэм» адыгэпщым теухуауэ щетх: «И ныбжь хэкIуэтам хуэфэщэну ар цIыху щыпкъэт икIи цIыху пэжт... Псоми фIыуэ закъригъэлъэгъуат».

Апхуэдэу пщIэ иIэу дунейм тетащ Алыджыкъуэ (Черкасскэ) Михаил - Къэбэрдейми Урысейми я бын лIы ахъырзэманыр, япэ генералиссимусыр.

И фIыщIэмрэ щытхъумрэ яIэтарэ лъапIэныгъэр иIэу ар дунейм ехыжащ 1721 гъэм. ЩыщIалъхьащ Новоспасс члисэм.

Генералхэм я генералыж Iимам Щамил

КАВКАЗЫМ къихъукIауэ генералхэм я генералыж етIуанэу хъуар авар лъэпкъым къыхэкIа Щамилщ, Шэшэнми Дагъыстэнми я Iимаму щытар. Урыс зэрыпхъуакIуэхэм я бийуэ илъэс куэдкIэ абы бэнэныгъэ гуащIэ иригъэкIуэкIащ. Нэмыцэ зауэлI икIи тхакIуэ Боденштендт Фридрих мыпхуэдэу итхащ Щамил теухуауэ: «Ар щIэзауэр зауэ фIэщыгъэцIэхэр, орденхэр къихьыну аракъым, и текIуэныгъэхэр игъэIуну аракъым; ар мэзауэ и лъэпкъым и хуитыныгъэмрэ и динымрэ ихъумэн, абы и бийхэм я деж илъ щищIэжын папщIэ».

Шэшэнымрэ Дагъыстэнымрэ я бгырысхэм бэнэныгъэ гуащIэр здрагъэкIуэкIым, пщыгъуэ зэмызэгъхэм я пIэкIэ къэралыгъуэ лъэщ - «имаматкIэ» еджэу - зэфIагъэуват. Iимам Щамил иухуа къэралыр лIэщIыгъуэ плIанэкIэ пэщIэтыфащ бий шынагъуэм икIи абрагъуэм - Урыс пащтыхьыгъуэм.

И зэманым елъытауэ икъукIэ хабзэфIхэр, цIыхум и сэбэп зыхэлъхэр къищтат имаматым. Ахэр языныкъуэхэм деж езэгъыртэкъым шэрихьэтым. Псалъэм папщIэ, Iимамым игъэкIуэдащ цIыхур някъуэдыкъуэ зыщI (дыгъуамэ Iэр, лъакъуэр зэрыпаупщIыр) шэрихьэт хабзэр. Абы и пIэкIэ дыгъуар ягъэтIысын, е ахъшэкIэ абы етхьэкъун хуейуэ игъэуващ. ЩаукIыр цIыхум хьэкIэкхъуэкIагъэ дыдэ зэрихьа нэужьт. Щамил лъы щIэжыныр зымыдэ унафэ къыдигъэкIри, абы икIуэдыкIхэм я бжыгъэр нэхъ мащIэ хъуат, зи лIым къыбгъэдэкIыжа цIыхубзым мылъку лъызыгъэс, фадэр, тутын ефэныр, хъанхэр тепщэ зыщI хабзэхэр игъэкIуэдащ.

Щамил зэрыпхъуакIуэ зауэ ирагъэкIуэкIыртэкъым. Абы зэрыпхъуакIуэхэм ящихъумэжу арат зыщалъхуа и щIыналъэр. Аращ пщIэшхуи къыщIыхуащIар. И тхыдэм щыяпэ дыдэу, епщыкIубгъуанэ лIэщIыгъуэм и кум, Уэсмэн империем абы къыфIищащ генералиссимус цIэ лъапIэр.

Тырку меджлисым пщIэ къыхуещI

ЕТIОЩIАНЭ лIэщIыгъуэм и пэщIэдзэм Кавказым щыещанэу генералхэм я генералыж хъуащ шэшэн лъэпкъым къыхэкIа Шевкет Мыхьмуд-пэщэр (1856 - 1913 гъгъ.). Апхуэдэ пщIэр абы къыхуищIат Тырку меджлисым.

Мыхьмуд илъэсищ хъуауэ арат и адэ-анэр КъуэкIыпIэ Гъунэгъум щыIэпхъуам. Иракым къыщыхъуащ, пасэу игъэунэхуащ Iэпхъуэшэпхъуэным пыщIа гугъуехьхэр. Зауэ хуэIухуэщIэмкIэ щыIэ еджапIэр къиухри, шэшэн щIалэр дзэм хыхьащ. Штаб нэхъыщхьэм и академие нэужьым ар ягъэув «Къулыкъу зыщIэ дзэкIэ» зэджэу щытам и тхьэмадэу. Тырку пащтыхьыгъуэр щыкъутэж лъэхъэнэт. 1909 гъэм тепщэгъуэр зыIыгъхэм я бийуэ зыкъэзыIэтахэм Абдул-Хьэмид ЕтIуанэ сультIаныр традзащ. Ауэ а текIуэныгъэм ахэр куэдрэ щыгуфIыкIакъым. Шевкет-пэщэ зи унафэщI дзэхэм зыкъэзыIэтахэр гущIэгъуншэу зэтраукIэ. «Тырку щIалэхэр» гупым къэрал унафэр яIэрохьэ. Ар зыIэрыхьахэм «шэшэн мэхъэшар» визирь ину, нэгъуэщIу жыпIэмэ, Тыркум и премьер-министру ягъэув.

1913 гъэм «Иттиляф» партым къраутIыпща лIыукIым ар IэщокIуадэ.

Шэшэн лъэпкъым къыхэкIа генералиссимус Шевкет Мыхьмуд-пэщэм къыщIэнащ зауэм теухуауэ тхылъ зыбжанэ - «Уэсмэнхэр», «ЩIэныгъэм тету узэрызэуэнур», «Тыркудзэм и зэхэлъыкIэр» жыхуиIэхэр. Ахэр зэрадзэкIащ инджылызыбзэкIэ, франджыбзэкIэ, итальяныбзэкIэ, нэмыцэбзэкIэ.

ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд,
Урысей Федерацэм щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ.

«Утро стрелецкой казни» сурэтым щыволъагъу урыс пащтыхь Пётр Езанэр *(шым тесщ)*. **ИжьымкIэ щыт жьакIэхур Черкасскэ Михаилщ.**
Сурэтыр **Суриков Василий** *ищIащ. 1881 гъэ*

● Адыгэ махуэгъэпс

Гъатхэм и Iэдий щхъуантIэхэр

Адыгэхэр дунейм тет лъэпкъ нэхъыжь дыдэхэм ящыщщ. Илъэс мин бжыгъэхэм къыщынэркъым ди тхыдэмрэ хабзэмрэ я къежьапIэр. Абыхэм зэман блэкIа куэдым я нэпкъыжьэ телъщ. Ар уи фIэщ хъун щхьэкIэ ирикъунщ адыгэбзэм и къулеягъыр, хэт фIэщыгъэцIэхэм я къэгъэхъукIэм и гъэщIэгъуэнагъыр. Ещхъыркъабзэщ адыгэ хабзэм цIыхухэм яку дэлъ зэхущытыкIэ дахэхэр зэрызэригъакIуэр, дунеймрэ цIыхумрэ яIэ зэпыщIэныгъэхэр ди зэхэтыкIэмрэ лъэпкъ нэщэнэхэмрэ къызэрыхэщыр. Абыхэм ятеухуа къэхутэныгъэ хьэлэмэтхэр зэфIахащ щIэныгъэлIхэм.

ДЫКЪЭЗЫУХЪУРЕИХЬ щIыуэпсым и щытыкIэ зэхуэмыдэхэмрэ абыхэм яIэ плъыфэ зэмыщхьэмрэ игу ириубыдэкIэрэ, дунейм хуэIэзэ хъуурэ, цIыхум бгъэдэлъ щIэныгъэм зригъэузэщIырт. Нэхъыбэу абы гулъытэ зыхуищIыр дуней къэхъукъащIэхэрат. Мэкъумэш щIэным зи гъащIэр теухуауэ щыт адыгэхэм абы ехьэлIа Iуэхугъуэ псоми зрагъэужьырт. Iэщым хэтым, Iэщ зезыхуэм - и пIалъэ ищIэрт. Ар IупщIу щынэрылъагъущ ижь-ижьыж лъандэрэ адыгэхэм къыддекIуэкI хабзэхэмрэ зетхьэ лъэпкъ хьэлымрэ. Абыхэм хеубыдэ ди махуэрыбжэри.

ЯпэщIыкIэ адыгэм илъэсыр Iыхьитiу дгуэшу щытагъэнущ - гъэрэ щIырэ е гъэмахуэ пIалъэрэ щIымахуэ пIалъэрэ. Абы и щыхьэту къыщIэкIынщ нобэ ди гъащIэм хэт «Гъэрэ щIырэ зэхэкIащ» псалъэухар. Нэхъ иужьыIуэкIэ илъэсыр пIалъиплIу ягуэш хъуащ: гъатхэ, гъэмахуэ, бжьыхьэ, щIымахуэ. Абыхэм дэтхэнэ зыми мазэ щырыщ щаубыдырт. Мазэм махуэ 30, ауэ щыхъукIэ, илъэсым махуэ 360-рэ къриубыдэу апхуэдэт. ЗэрыгурыIуэгъуэщи, илъэс къэс махуэ зытхух къыдидзэрт. Ахэр адыгэхэм тхьэлъэIу махуэхэу ялъытэу щытащ. Апхуэдэ тхьэлъэIу махуэхэм ящыщт гъэрэ щIырэ щызэхэкI махуищыр, IутIыж, вакIуэдэкI, вакIуэихьэж, удзыпсзэутх, гъубжэдэх, Созэрэщ и тхьэлъэIу, Тхьэшхуэгухьэж, хъуромэ махуэхэр, нэгъуэщIхэри.

Мыбдежым къыхэгъэщыпхъэщ адыгэхэм (абыхэм я закъуэкъым) ипэкIэ зэманыр апхуэдизу зэпэлъытауэ, мы Iуэхур мы махуэм, мы сыхьэтым, мы дакъикъэм техуэу щытын хуейщ, жаIэу зэрыщымытар. Ауэ, шэч хэмылъу, дунейм и щытыкIэм хуэнабдзэгубдзаплъэт. Гу нэхъ зылъатэр дыгъэм, мазэм, вагъуэхэм я щытыкIэрт. Псалъэм папщIэ, дэтхэнэ къуажэми зы бгыщхьэ е Iуащхьэ, жыг хута гуэрхэр яIэти, абыхэм я щхьэщыгум дыгъэр къиувамэ, къулъшыкъу, къулъшыкъушхуэ, шэджагъуэ хъуащ, жаIэрт. ПсэупIэ унэхэм я гупэхэр къуэкIыпIэм нэхъ хуэгъэзауэ щытти, бжэ, щхьэгъубжэ дазэхэм къыдидз дыгъэ бзийхэмкIэ яхутэрт махуэм и пIалъэхэри. Махуэм и кIуэцIкIэ мыхьэнэшхуэ зратхэм ящыщт дыгъэм, ар зытепсэхэм ядз ныбжьхэм. Жэщым гъуазэу къагъэсэбэпырт вагъуэхэр, вагъуэбынхэр.

Апхуэдэу илъэсыр IыхьиплIу зэрагуэшыр адыгэхэм ирапхырт «ВагъуэбэкIэ» зэджэ вагъуэбыным. Ди анэдэлъхубзэм къыхэнауэ иджыри хэтщ мыпхуэдэ жыIэгъуэхэр: «Вагъуэбэр щIым къыхэкIащ», «Вагъуэбэр гъавэм къыхэплъащ», «Вагъуэбэр жыг щхьэкIэм хыхьащ», «Вагъуэбэр щIым хыхьэжащ». Мы псалъэухахэм ящыщ дэтхэнэми мыхьэнэ пыухыкIа иIэт икIи гъэм и зэман хэхам епхауэ жаIэрт.

Вагъуэбэр щIым къыхэкIауэ щалъытэр гъатхэм и деж махуэхэмрэ жэщымрэ зэхуэдэ щыхъу зэманырт. Иджырей ди махуэрыбжэм тепщIыхьмэ, ар зыхуэзэр гъатхэпэ мазэм и 21 -22-р аращ. Абы ирихьэлIэу адыгэхэм илъэсыщIэр къиихьауэ ялъытэрт. «Гъэрэ щIырэ зэхэкIащ», - жаIэрт абы щыгъуэ. ИлъэсыщIэр къыщихьэ махуэшхуэм теухуауэ унагъуэ къэс мафIащхьэтыхь (иужькIэ «мафIащхьэ джэд» фIащащ) ящIырт, гъэфI къаритыну Тхьэм елъэIурт, щIалэгъуалэр хъуромэ джэгурт. Мы тхьэлъэIум нэгъуэщI хабзэ хьэлэмэтхэри пыщIат. Гъэрэ щIырэ зэхэкIа иужькIэ, IутIыж тхьэлъэIур ящIырт. Тхыдэм къызэрыхэнамкIэ, абы и деж джэдыкIэ куэду ягъавэрт, джэдыкIафэр щIым нагъэсырт, губгъуэм дэкIыурэ джэгу ящIырт. IутIыжым и ужькIэ джэдыкIэ ягъажьэу е ягъавэу яшхыртэкъым, джэдхэр къурту джэджьей кърашу яутIыпщыжыху. Ещхьыркъабзэу щэкIуэнми табу тралъхьэрт, щIэжьейм замыужьауи зыгуэр къэбукIыныр гуэныхьышхуэ зыпылъ Iуэхугъуэу къалъытэрт.

Гъэрэ щIырэ щызэхэкIам къыщыщIэдзауэ япэ махуэ 30-м гъатхэпэ мазэкIэ еджэрт. КъыкIэлъыкIуэ мазэм щхьэкIэ гъатхэку жаIэу, ещанэм гъатхэкIэ фIащауэ щытащ. Апхуэдэ фIэщыгъэцIэхэт яIэу щытар гъэмахуэ, бжьыхьэ, щIымахуэ мазэхэми. Илъэсым и пIалъэхэр зэрызэблэкIыр, зэрыжытIащи, Вагъуэбэм иIэ щытыкIэм елъытат. Вагъуэбэр гъавэм къыхэплъамэ (ар зыхуэзэр мэкъуауэгъуэм и 21 - 22-хэрат), гъэмахуэм щIидзауэ ялъытэрт. Вагъуэбэр жыг щхьэкIэм хыхьамэ (фокIадэм и 21 - 22-м), бжьыхьэр къихьауэ арат. Ауэ Вагъуэбэр щIым хыхьэжамэ (дыгъэгъазэм и 21 - 22-м), абы щыгъуэ щIымахуэр къэсауэ ябжырт.

Дунейм и щытыкIэмрэ дыгъэм и къепсыкIэмрэ, мазэм игъуэта теплъэмрэ вагъуэхэм я зэхэувэкIэхэмрэ ятепщIыхьмэ, нобэ Вагъуэбэр щIым къыхэкIащ. Гъатхэм и Iэдий щхъуантIэхэм щIылъэм хуиту зыщаукъуэдий, гъэрэ щIырэ щызэхэкI зэманщи, гъэ бэв диIэну, илъэсыр угъурлыуэ къытхущIэкIыну, насып къытхуихьыну Тхьэм жиIэ!

ТАМБИЙ Линэ.

● Псалъэжьхэр

Шыуаным илъыр зымышхыжынур гуэным илъым тогужьеикI

■Уэзралъагъуу уафIощI, уэзрафIэщIу уалъытэ.
■Зи гупкIэ пысым и псысэ еIуатэ.
■Хэдэ мэдакъуэри, хэплъэ мэплъакъуэ.
■Узрихьэлlэ шхыныфIщ.
■Ажэ цIыкIу бжьакъуэшхуэ.
■Уэзрымыса бысым умыуб.
■ЩыкIыр икIэ мэхъу.
■Зэрыхъун хъури, и нэр хъурей хъужащ.
■Блэжьын бгъуэтмэ, пшхыни бгъуэтынщ.
■Дыщэр дыщэ зыщIыр пщIэнтIэпсщ.
■Шыуаным илъыр зымышхыжынур гуэным илъым тогужьеикI
■Гугъу уехьу къэблэжьыр IэфIщ.
■Зи жьэ куэд жиIэм и Iэ куэд ищIэркъым.
■Къуажэ зиIэ нэхърэ - Iэ зыфIэт.
■Мэлыхъуэр куэдмэ, мэлыр хьэрэм мэхъу.
■Мыдэф и Iуданэ кIыхьщ.
■НэрыIэзэ Iэпэзадэ.
■ПщIэнтIэпс пщIэншэ хъуркъым.
■Iуэхуншэ псалъэрейщ.
■Ахъшэ и куэдмэ, делэми, пщыщ.
■Зи Iуэ былым из нэхърэ, зи щхьэ акъыл ит.
■Ибэр бэшэчщ.
■Изрэ никъуэрэ зэрыщIэркъым.
■Дунейр къэкIухьи, уи унэ ихьэж.
■Япэ умыуэ, къауэм ущымысхь.
■Дыщэ унэ нэхърэ - уи унэжь.
■Дзыгъуэ пэтрэ и гъуэ щылIыхъужьщ.
■Зауэм хэту джатэ хьэху ятыркъым.
■Уи адэ и щIыпIэ гъэдахэ, уи анэ дахэу епсалъэ.
■Уи нэ къеIэм и псэм еIэж.
■Хьэрэ пэт и къуажэр ибгынэркъым.

● Интернетым дыкъыщоджэ

Абджыр щIэкъутэр

Егъэджакlуэр и гъэсэнхэм еупщIащ:
- Щхьэгъубжэм мывэкIэ уеуэмэ, абджыр щхьэ къутэрэ?
- Мывэр хьэлъэщи, - къыпищащ зым.
- Абджыр махэщи, - щIигъуащ адрейм.
- Мывэр къару лъэщкIэ ядзати, - жиIащ ещанэм.
- Жэуап пэжыр зыми къэфщIэфакъым,- жиIащ егъэджакIуэм.- Абджыр щIэкъутэм и щхьэусыгъуэр щхьэгъубжэр зэрыхуэщIарщ. ЦIыхум и хьэл-щэнри абы ещхьщ. Фи гур зэIухауэ дунейм фытети, зы къару фIыцIи кIуапIэ хуигъуэтынукъым.

Сэлам зэхыпхъэр

ЛIыжь гуэр гъуэгум здрикIуэм къыхуэзащ хуабэр, щIыIэр, жьыбгъэр.
- Уузыншэм, - жиIэщ, зигъэщхъри, блэкIащ лIыжьыр.
Хуабэм, щIыIэм, жьыбгъэм зэхагъэкIын щIадзащ: «Дэтхэнэра сэлам зрихар?» ЛIыжьым лъэщIыхьэхэри, еупщIащ.
- Жьыбгъэращ, дауи, - щыжиIэм, хуабэр губжьащ:
- Мыдэ зэ гъэмахуэр къэгъэс, сэ уэсщIэр плъагъунщ!
- Жьы мащIэр къепщэ къудеймэ, укъыстехьэлъэнукъым, - жи, лIыжьым.
ЩIыIэм жеIэ:
- Мыдэ зэ щIымахуэр къэгъэс, къыпщыщIыр плъагъункъэ?
- Жьыбгъэр къемыпщэ къудеймэ... - дыхьэшхащ лIыжьыр.

● Теплъэгъуэхэр

Налшык и уэрам нэхъыщхьэм. *Сурэтыр* **Къарей Элинэ** *трихащ.*

● Ар пэжщ

Насыпым и купщIэ

●Лэжьыгъэм зэман хухэфх, ар ехъулIэныгъэм и уасэращ.
●Гупсысэр убзыхуным зэман хухэфх, ар къарум и къежьапIэщ.
●Джэгуным зэман хухэфх, ар щIалэгъуэ мыухыжым и щэхущ.
●Еджэным зэман хухэфх, ар щIэныгъэм и лъабжьэщ.
●Диным зэман хухэфх, ар къабзагъэм ухуэзышэ гъуэгущ.
●Ныбжьэгъугъэм зэман хухэфх, ар насыпым и купщIэщ.
●Лъагъуныгъэм зэман къыхуэвгъуэт, ар гъащIэм и тыгъэ телъыджэщ.
●ХъуэпсапIэм зэман хухэфх, аращ псэр вагъуэм лъэзыгъэIэсыр.
●Дыхьэшхыным зэман хухэфх, гъащIэм фызыщрихьэлIэ лъэпощхьэпохэм фыблихынущ.
●Дахагъэм зэман хухэфх, абы дэни фыщрихьэлIэнущ.
●Фи Iуэхухэр фыубзыхуным зэман хухэфх, аращ ищхьэмкIэ ит Iуэхугъуэ 11-р зэвгъэхъулIэным и щэхур.

БРЭГГ Пол.

Мэл кIапэ гъэвэжахуэм бжьын, бжьыныху щIэгъэжьыхьауэ

Нэхъ къызыхащIыкIыу щытар мэл кIапэ жьахуэрщ. Щэ гъэвэжахуэм псы хуабэ дагъэжэхри, шыуаным иракIутэ, хьэкум трагъэувэри, къагъэплъ. Дагъэ къыщIидзу зэрыхуежьэу, IупщIэ пIащIэу упщIэта бжьыныщхьэ халъхьэ, зэIащIэурэ ягъажьэ. Тхъуэплъ мэхъу щыжаIэм, тыкъыр цIыкIуурэ упщIэта бжьыныху, шыбжий халъхьэ, псори зэIащIэурэ ягъажьэ тхъуэплъ дахэ хъуху. ИтIанэ псывэ тIэкIу щIакIэ, шыгъу хадзэри, зэIащIэ. Шыуаныщхьэр трапIэри, ягъэбэкхъ. Псы щIакIар щIагъэвэщIапэркъым, шыпсым хуэдэу щытын хуейщ. ПIастэм е мырамысэ хуабэм и кум иралъхьэри, яшх. Сэбэп яхуохъу зи бгъэм щIыIэ хыхьахэм, жьы къызыпиубыдхэм. Трафыхьыж хабзэщ шэ хуабэ.

Халъхьэхэр (зы цIыху Iыхьэ):
щэ гъэвэжахуэу - грамм 200,
бжьыныщхьэ упщIэтауэ - грамм 60,
бжьыныху упщIэтауэ - грамм 15,
псывэу - грамм 60,
шыгъуу, шыбжийуэ - узыхуейм хуэдиз.

Адыгэ бжьын хужьрэ форэ

Бжьын хужь укъэбзар цIыкIу-цIыкIуурэ яупщIатэ, убалъэм иралъхьэри, псы къыщIэжыху, щабабзэ хъуху яуб. А бжьын убар бинт щащIэм кIуэцIалъхьэри, и псыр къыщIакъузыкI. А псыр банкI гъущэм иракIэ, май фо гъэткIуа хакIэри, фIыуэ зэIащIэж. А зэхэшыпсыхьар банкI гъущэм иракIэ, и щхьэр быдэу ягъэбыдэжри, мыщIыIэ дыдэ щIыпIэм щагъэув. Адыгэ бжьын хужьыр и теплъэкIэ бжьыныхум ещхьщ, ауэ бжьыныху хьэдзэм хуэдэу гуэшакъым. Бжьын фо зэхэшыпсыхьар кIэтIий уз, Iупс бзаджэ, тхьэмщIыгъу, жьэжьей уз зиIэхэм ирафыну хуабжьу сэбэпщ. Апхуэдэуи фIыуэ уегъэжей, щIыIэ зыхыхьахэми сэбэп яхуохъу. Абы цIыхум и Iэпкълъэпкъыр зыхуей витаминхэр куэду хэлъщ.

Халъхьэхэр:
бжьын хужьым и псыуэ - грамм 250-рэ,
фоуэ - грамм 300.

«Адыгэ шхыныгъуэхэр» тхылъым къитхыжащ.

● Хъыбар

Хэт нэхъ бзаджэ?

«ДылIыщIэнщ», - жари, щIалитI ежьащ. ЗыгъэлIыщIэн лъыхъуэурэ, зылI ирихьэлIащ.
- Сэ фызгъэлIыщIэнщ, - къажриIащ лIым.
- Зы илъэскIэ фысхуэлIыщIэмэ, дыщэ фэстынщ.
ЩIалитIыр гуфIэри, лIым и пщIантIэм къыдэнащ.
- Зы гуужь сиIэщи, гуужьыр зым игъэхъунщ, зым бэкхъыр къитхъунщ, - къариухылIащ лIым.
ЩIалитIым я зым гуур дихуащ, адрейр бэкхъым щIэуващ. Гуур дэзыхуар махуэ псом етIысэхыгъуэ ихуакъым: гуур цIывурэ, и ужьым къикI хъуакъым. Бэкхъым къыщIэна щIалэри етIысэхакъым, пшапэр зэхэуэху, Iэрэ жьэрэ зэхуихьакъым.
Гуур къыдихуэжри, щIалэр зэхэукIауэ пщыхьэщхьэм къыдыхьэжащ.
- Дауэрэ уехъулIа? - еупщIащ абы бэкхъым щIэтар.
- Мэз лъапэм схури, гуур и пIэ икIакъым, сэ жыг жьауэм сыщIэсащ. Нэхъ гуу Iэсэ слъэгъуакъым! АфIэкIа хэмылъмэ, сылIэжыху згъэхъунщ гуур. Уэ-щэ?
- Зы сыхьэт нэхъ сыпэтакъым, - жиIащ адрейм. - Бэкхъыр къэстхъури, сщIэн щызмыгъуэтым, шыгъуэгу хадэм сыщыжеящ.
- НтIэ, абы щыгъуэ уэ пщэдей гуур дэху, сэ бэкхъыр къэстхъунщ.
- Содэ, нэхъ щIэщыгъуэ къысщыхъунщ.
АбыкIэ зэгурыIуэри, щIалитIым я IэнатIэр зэрахъуэжащ.
Гуур дэзыхуар етIуанэ махуэм и лъэ зэблихыжыф къудейуэ къыдыхьэжащ. Бэкхъым къыщIэнами пщIэнтIэпсыр къехуэхырт. Тынштэкъым абы и къалэнри. ЩIалитIыр зэбгъэдэтIысхьэри, зэчэнджэщыжащ.
- Илъэс тхуэхьынкъым, - жаIащ, - лIым дегъэбзэджэкI: дыщэ иIэщи, къыфIэдгъэхь.
- Дауэ къызэрыфIэтхьынур?
- Дыщэр щIыунэм илъщ. ТIум я зыр щIыунэм дихьэнщ, дыщэр пхъуантэм къыдэткIутэнщи, макIуэ-мэлъей!
- Хэт щIыунэм ихьэнур?
- Пхъэидзэ тщIынщ, - жари, пхъэидзэ ящIащ. Зи пхъэ къикIар щIыунэм ихьащ, кIапсэ ирадзыхри. Зы пхъуанти здрихьэхащ.
- Дыщэр пхъуантэм къыдэкIутэ, - жиIащ адрейм.
- Дыщэр къысIэрыбгъэхьэмэ, щIыунэм укъисхыжынщ.
ЩIыунэм ихьам дыщэр пхъуантэм къыдикIутащ, езыри къыдэтIысхьэжащ.
- Дыщэр них, пхъуантэр къедзыхыжи, сэри сынихыж щIыунэм, - къэгуоуащ щIыунэм ихьар.
Модрейр пхъуантэр щIыунэм кърихыжщ, и дамэм тригъэувэри, щIэпхъуэжащ.
КIуэм-лъэурэ, мэзым хыхьауэ, ешати, пхъуантэр иригъэувэхащ, пщIэнтIэпсыр ирилъэщIэкIри, псафэ IукIащ. Ар псафэ къэтыху, пхъуантэм дэсыр къыдэкIыжащ, пхъуантэр и дамэм тригъэувэри, кIэбгъу зищIыжащ. Псафэ кIуам къигъэзэжмэ - пхъуантэр бзэхат: и гъусэр къызэребзэджэкIар къыгурыIуащ.
- Жыжьэ укIуэн! - жери, щIалэм дыщэр зыхьам къыпижыхьащ, зы бжэгъу къыпиупщIри, къыпэтIысащ. Сыт ящIэжынт: пхъуантэр зэпаубыдри, ежьэжащ, жэщ къатехъуауэ я жылэ дыхьэжащ.
- Дыщэр ныжэбэ тхуэгуэшынкъым, - жиIащ щIалэ бзаджитIым я зым. - Зы махуэ-махуитIкIэ дызэIугъэплъ къыткIэлъыпхъэраIамэ, ар ткIэрыхужмэ, дыщэр дгуэшынщ.
АбыкIэ зэгурыIуэри, щхьэж и унэ ихьэжащ.
Тхьэмахуэ дигъэкIри, зыр адрейм деж кIуэри, джащ. ЩIалэм и щхьэгъусэр къыщIэкIащ.
- Дэнэ кIуа си ныбжьэгъур? - щIэупщIащ щIалэр.
- Уи ныбжьэгъур щыIэжкъым: лIэри, щIэтлъхьэжащ, - къыжриIащ.
- Ар дауэ ухъут, - яхуэгузэващ щIалэр. - И хьэдрыхэ нэху ухъу. «Кхъэм сыдыхьэнщи, и кхъащхьэ зэзгъэлъагъунщ», - жери, пщIантIэм дэкIыжащ, кхъэм дыхьэри, гуу макъ зищIащ.
ЗыгъэлIыщIа лIым и гуур къыкIэлъыса и гугъащ модрейм: зигъэпщкIуауэ кхъэм дэсти, чы къурагъ къищтэри, къыпэуващ.
- Дыщэр дгуэшрэ? - жиIащ гуу макъ зызыщIам.
- Дгуэшынщ. Дымыгуэшынумэ, щхьэ къэтхьа?
Зыр зым зэремыбзэджэкIыфынур къагурыIуэжри, щIалэ бзаджитIым дыщэр зэхуагуэшащ.

КЪЭРМОКЪУЭ Хьэмид.

Фошыгъу узыр егъэхъуж

● Чэнджэщхэр

♦Адыгэ джэш хужь пIащIэр мыгъэвауэ махуэм щэ бжэмыщх изурэ яшхмэ, фошыгъу узыр мэхъуж.
♦Хадэм джэдгын итыну фIыщ, мелыIычыр йохьэ жаIэ.
♦Собэ тедзэм щIафэлыджкIи йоджэ.
♦Жьы хъуа шыр щаукIынум деж, зрамыгъэгъэпсэхуу куэдрэ кърахуэкI, пщIэнтIэпс нэхъыбэ къыхэкIын щхьэкIэ. Апхуэдэу ямыщIмэ, а шым и лыр бгъавэми бгъажьэми пхуэшхынукъым, лым пщIэнтIэпсымэ къыхехри. КърахуэкIауэ фIагъэжа шым и лым апхуэдэу мэ Iей иIэкъым. Абы и лыр ягъавэ, и лэпсри ирамыфу иракIут. Шыл вам нэхъ дашхри бжьыныху-шыгъурэ пIастэ хуабэрэщ.
♦Бабыщ бзагуэр кIэцIа нэужь, абы и джэдыкIэм уеIусэмэ, ар зейр а абгъуэм тетIысхьэжынукъым, джэдыкIэм цIыхумэ щыуащи.
♦Мэз кхъужь цIыкIур мыхъу щIыкIэ къыпохури, ар мэкъу лъабжьэм, тхьэмпэ лъабжьэм щохъуж.
♦Хывышэм нэхъ дагъэ куэд щIэтщ, жэмышэм нэхърэ.
♦ДжэдыщIэм япэу къикIэцI джэдыкIэр цIыкIунитIэщ, ныбгъуэ джэдыкIэм хуэдизу, ар яшх хабзэкъым. КIэцIын зыуха джэдыжьми иужь дыдэу къикIэцIыр цIыкIунитIэщ, ари яшхыркъым.
♦ГъэтIылъыгъэ ящIыну кхъуейр нэхъ щыхэхын хуейр мэкъуауэгъуэ, бадзэуэгъуэ, шыщхьэIу мазэхэрщ. Мис абы щыгъуэ хаха кхъуейр IэфIщ, витамин куэду хэлъщ.

КЪУБАТИЙ Борис.

Псалъэзэблэдз



ЕкIуэкIыу: **3**. Бадзэм щхьэкIэ жаIэ: «Хуабэ хъумэ, ..., щIыIэ хъумэ, мэдий». **5**. Республикэм е къэралым и къалэ нэхъыщхьэм зэреджэ цIэ. **6**. ИлъэситI-щы зи ныбжь шыщIэхъу мыгъасэ. **7**. УщызекIуэкIэ лъакъуэм ищI лъэужь. **11**. Ар уи пашэмэ, вэнвейм ухешэ. **12**. КIэстумым е гъуэншэджым яIэ гъэпщкIупIэ. **13**. Гъэмахуэм Iэщым я фэр изых бадзэжь. **14**. Кавказ Ищхъэрэм хиубыдэ щIыналъэхэм ящыщ зым и къалащхьэ. **17**. .. кIапэр ебгъэубыдмэ, цIыху бзаджэр пхъэшыкъум мэIэбэ. **19**. Шым и кIуэкIэ. **20**. Къэбэрдей усакIуэ Iэзэу щыта: къызэралъхурэ мы гъэм илъэс 85-рэ ирикъунущ. **21**. Рабочэ щIалэр ... имыщIэу заводым щолажьэ. **22**. Унагъуэ къулейм я Iуэхутхьэбзащ Iэ. **23**. Бжэныфэм къыхащIыкI Iуданэ. **25**. Куэзырым щыщ, псоми ятекIуэу. **26**. «Бгы лъапэхэм ...» - КIыщокъуэ Алим и поэмэ. **30**. Таурыхъхэм къыхэщ шы лъэрызехьэ - псэлъэфу икIи лъэтэфу. **31**. УэрэджыIакIуэ, уэрэдус, РСФСР-м и цIыхубэ артист Тхьэбысым ... **32**. Псы е шэ зракIэ кумбыгъэ. **33**. Псыежэх. **34**. ... къамэ е бгырыпх.

Къехыу: **1**. КПСС-м и ЦК-м и секретару, Сталиным и благъэу щыта, Кремль блыным пэгъунэгъуу щыщIалъхьа цIыхуибгъум ящыщ зы. **2**. Хьэцэпэцэхэм я щхьэкIэ. **4**. А псыр Европэм щыщу къэралипщIым я щIыналъэхэм щожэх. **5**. Псыми щIылъэми щыпсэуф псэущхьэ. **8**. ... лъакъуэ щIэткъым. **9**. Сабий цIынэм къращэкI щэкI. **10**. Хьэрбыз ... е кхъуей ... **15**. Район, къуажэ. **16**. Дерт, ныкъусаныгъэ, щыщIэныгъэ. **17**. Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и ректору щыта. **18**. Къамэ, джатэ, ... **22**. Лъэпщ и Iэмэпсымэ. **24**. ... зимыIэм дзажэпкъ иIэщ. **27**. ЦIыху хьэлэл. **28**. ЩэкIым е фэм и щIагъ лъэныкъуэ. **29**. Нанэм цы ... ещI. **30**. Къамыл теплъэншэм къыхащIыкIыу щыта джанэ е нып.

Зэхэзылъхьар **МЫЗ Ахьмэдщ**.

Гъатхэпэм и 7-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:

ЕкIуэкIыу: **1**. Бабыщ. **4**. Жэрумэ. **5**. Хьэнфэн. **7**. Гуартэ. **8**. Минск. **10**. Хъыбар. **12**. Шубакъ. **14**. ХьэукI. **15**. ЩIыIуб. **16**. Тхъу. **18**. Ущ. **19**. Таж. **21**. Хукхъуэ. **24**. Блэ. **26**. Къуий. **27**. Сыдж. **28**. Къута. **29**. Жэм. **32**. Пэу. **34**. Хур. **35**. Егъу. **36**. Мыщэ. **38**. Бгъэр. **40**. Лашын. **42**. ЖьантIэ. **43**. Шэрэз. **44**. Пэшэгъу. **46**. Гуащэнэ. **47**. Нэпсей. **48**. КIуантIэ.
Къехыу: **1**. Бэгу. **2**. Бырыб. **3**. Щхьэ. **4**. Жэмыхьэт. **6**. Нэрыбгэ. **9**. Нау. **11**. Бжы. **12**. Шыхъуэ. **13**. Къауц. **17**. Молотов. **20**. Абазэ. **22**. Кхъузанэ. **23**. Акъужь. **25**. Гъуджэ. **29**. Жэмыжьыгу. **30**. Урал. **31**. Берн. **33**. Уэрэзей. **37**. Щэн. **39**. Гъэр. **41**. Шэшэн. **44**. ПэкIу. **45**. Гъунэ.

Редактор нэхъыщхьэ
ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд
Редколлегием хэтхэр:
ЖьэкIэмыхъу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и япэ къуэдзэ), Жыласэ Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), Шырдий Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), Къаншокъуэ Эллэ (жэуап зыхь секретарь), Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, НэщIэпыджэ Замирэ, Чэрим Марианнэ, ЩхьэщэмыщI Изэ.

Езыгъэтхахэр
«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).
Къыдэзыгъэкlхэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 40-48-54, 42-63-64, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.
КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; хабзэхъумэ IуэхущIапIэхэм ядэлэжьэнымкIэ - 42-60-53; узыншагъэр хъумэнымрэ экологиемкIэ - 42-22-89; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; хъыбарыщIэхэмкIэ - 42-22-88; зэдэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер IэнатIэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.
Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10
Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ПИ №ТУ07-00117-м щIэту ятхащ.
Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI. 12+
«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.
357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу, Никольскэ уэрам, 5-А

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ Джатокъуэ Марьянэ, *редактору* Жыласэ Заурбэч, *корректорхэу* Щоджэн Иннэ *(1, 2, 4-нэ нап.)*, Щоджэн Заирэ *(3, 5, 6-нэ нап.)*, *корректорхэм я дэIэпыкъуэгъу* Нэужьокъуэ Заирэ. *КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ* Щомахуэ Марианнэ, Мэлбахъуэ Анжелэ, *сурэтхэм елэжьар* Къарей Элинэщ.
Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер IэнатIэм щагъэхьэзыращ.
Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.
Индексыр П 5894 ●Тираж 2.152 ●Заказ №555